ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№74 (24.824) • 2025 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 21, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •

● ПМЭФ-2025: ехъулІэныгъэхэр, мурадхэр, зэгурыІуэныгъэхэр




# Нэхъри лъэщ дыхъуну дыхуейщ

**Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къыщыпсэлъащ Санкт-Петербург къалэм мы махуэхэм щекІуэкІ дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэм. Къэрал УнафэщІыр къытеувыІащ ди къэралым, дуней псом ехьэлІа Іуэху куэдым.**

«МЫ зэхуэсым Іэмал къыдет дуней псом дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэм я гугъу тщІыну. Абыхэм ящыщщ экономикэм, щІыуэпсым къыщыхъу зэхъуэкІыныгъэхэр, социальнэ, геополитикэ зэныкъуэкъухэр, апхуэдэуи технологие мардэщІэхэм дахуэкІуэныр, нэгъуэщІхэри. ИкІи мыбдежым щынэхъыщхьэр а зэхъуэкІыныгъэхэм фІы къапэкІуэу дэнэкІи зэхуэдэу щегъэкІуэкІынырщ, цІыхухэм я псэукІэр ирагъэфІэкІуэнырщ, тхьэмыщкІагъэр ягъэмэщІэнырщ», - къыхигъэщащ Путин Владимир и къэпсэлъэныгъэм и пэщІэдзэм.

Президентым апхуэдэуи къигъэнэІуащ экономикэ и лъэныкъуэкІэ Урысейм къыпэщыт къалэнхэр. Абы зэрыжиІамкІэ, зыІууэ гугъуехьхэм щхьэкІи къэмынэу, Урысейм и ВВП-м илъэс къэс процентиплІкІэ хегъахъуэ. ЩІыдагъэмрэ газымкІи апхуэдэ ехъулІэныгъэхэр щыІэщ. Къыхигъэщащ мэкъумэш ІэнатІэри, логистикэри, промышленностри, Іуэхутхьэбзэ щІэным пыщІа ІэнатІэри, хъыбарегъащІэ технологиехэри я къалэнхэм хъарзынэу зэрыпэлъэщыр. Абы къикІращи, компание минхэр зэдэууэ зэрылажьэм и фІыгъэкІэ, къэралым и экономикэм шэщІауэ зиужь къудейкъым, атІэ и фІагъми хохъуэ, лъэныкъуэ куэди зэуэ къызэщІиубыдэ мэхъу.

Къыпхуэмылъытэну мыхьэнэшхуэ иІэщ дунейм къыщыхъу зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр къэлъытауэ, ипэкІэ кІуэтэным, къыхигъэщащ Президентым. Абы нэхъ къызытеувыІэн хуейуэ къыхилъхьа унэтІыныгъэхэм ящыщщ зэлэжьхэм, цІыхухэм я экономикэ жыджэрагъым хэгъэхъуэныр. Иужьрей илъэсиплІым Урысейм ІэнатІэ щыІутхэм я бжыгъэм цІыху мелуани 2,4-рэ къахэхъуащ икІи, нэхъапэм къэмыхъуауэ, лэжьапІэншэхэм я бжыгъэр проценти 2,3-м нэсу ехащ. Абы хуэщхьэпащ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэм я унафэ зехьэкІэхэр, экономикэр бжыгъэрылъанэ лъабжьэм зэрыхуэкІуар.

Президентым и гугъу ищІащ ІэнатІэ Іут щІалэгъуалэри нэхъыбэ зэрыхъуам. ЩІалэгъуалэ ІэнатІэншэхэр зэрыщымащІэмкІэ Урысейр яхохьэ абыкІэ зи Іуэху нэхъыфІ къэралхэм. Урысейм иІэщ иджыри зыхущІэкъун хуейхэр, ауэ абы и лъэныкъуэкІэ ехъулІэныгъэхэр зэрыщыІэр нэрылъагъуэщ, жиІащ абы.

Урысейм щокІуэкІ тхьэмыщкІагъэр гъэкІуэдыным хуэгъэза лэжьыгъэшхуи. Къапщтэмэ, илъэс кІуам къриkІуахэм къызэрагъэлъагъуэмкІэ, ар проценти 7,2-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ. Псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу цІыхур зыхуейм хуэдиз зыІэрымыхьэхэм я бжыгъэр мелуанитІым щІигъукІэ ехащ. ЗэхъуэкІыныгъэфІхэм я щапхъэу Президентым къихьащ мыри - 2000 гъэм тхьэмыщкІагъэ итхэм я бжыгъэр процент 29-рэ щыхъуу щытащ къэралым.

Урысейм и экономикэм технологиер нэхъри тегъэщІапІэ хуэщІын хуейщ икІи ар нобэрей махуэми пщэдейми къагъэув къалэнщ. Абы щхьэкІи зыхуэфащэ лъэпкъ проектхэм дэщІыгъуныгъэхэр хуэтщІынущ, хуей хъумэ, къэдгъэщІэрэщІэжынущ. Ар дызыхуэныкъуэщ, нэхъ лъэщ дыхъуну дыхуеймэ. АтІэ, дэ дыхуейщ нэхъ лъэрызехьэу дыщытыну, къыхигъэщащ Путин Владимир.

Хьэрычэт щІэным теухуа лэжьыгъэшхуэ къыхилъхьащ Правительствэм икІи къэралым и зыужьыныгъэм хуэгъэпса къалэнхэр зэрызэфІагъэкІыну щІыкІэр хьэзыр хъун хуейщ 2025 гъэм и фокІадэм ирихьэлІэу.

«Мыхьэнэшхуэ зиІэр унафэхэр къэщтэным и закъуэкъым, атІэ ахэр псынщІэу гъэзэщІэни хуейщ. Правительствэм и нэІэ тригъэтынущ технологиещІэхэр ІэнатІэхэм хэпщэныр зэрекІуэкІым», - къыхигъэщхьэхукІащ Президентым.

Къэрал кІуэцІ, къэрал щІыб политикэми, псэуныгъэм ехьэлІа ІэнатІэ псоми щхьэхуэ-щхьэхуэу къытеувыІащ Путин Владимир. ИужькІэ ар яхуэзащ хамэ къэралхэм къикІа хьэщІэхэм.

## Ди зыгъэпсэхупІэхэм къахэхъуэнущ

Дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэм хэтщ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек зи пашэ ди лІыкІуэхэри. Республикэм и УнафэщІыр зэхуэсыр къыщызэІуаха махуэм ІущІащ AZIMUT Hotels компанием и унафэщІ Бродовский Максим.

ЗэІущІэм Іэ щытрадзащ лъэныкъуэхэр курорт-хэмрэ туризмэмрэ зегъэужьыным зэрыщызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэм. Абы къыщыгъэлъэгъуащ инвестицэ проектышхуэу щы зэрагъэзэщІэнур - санаторэ-хьэщІэщ комплексхэр яухуэнущ. Псори зэхэту инвестицэу абы халъхьэнур сом меларди 5,7-рэ мэхъу, лэжьапІэ ІэнатІэуи 450-рэ къызэІуахыну я гугъэщ. УхуэныгъитІыр Іуащхьэмахуэ и лъабжьэм деж щащІынущ - зыр «AZIMUT Азау» хьэщІэщыщІэрщ, адрейр «AZIMUT Чегет» хьэщІэщым и корпусыщІэрщ. ТІуми зэхэту пэш 240-рэ яІэнущ.

Налшык зыщрагъэужьыну я мурадщ «AZIMUT Здоровье Долина Нарзанов» зыгъэпсэхупІэ зэхэтым, пэши 120-рэ хъуну иджырей унэщІэ яухуэу. Апхуэдэ унафэ къащтащ зи узыншагъэр езыгъэфІэкІуэну хуей туристхэм я бжыгъэм къызэрыхэхъуэм къыхэкІыу. 2024 гъэм Налшык и зыгъэпсэхупІэхэм щыІащ къэралым и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм къикІа цІыху мин 59-м нэблагъэ.

Ухуэныгъэхэр 2028 - 2029 гъэхэм къриубыдэу зэфІагъэкІыну яубзыхуащ. Іуащхьэмахуэ лъапэ зы жэщ-махуэм къриубыдэу цІыху 800-м зэуэ зыщагъэпсэхуфу хъунущ ахэр зэфІэкІмэ.

КІуэкІуэ Казбек «AZIMUT Hotels» компанием и лэжьакІуэхэм фІыщІэ яхуищІащ я дзыхь къызэрырагъэзам папщІэ икІи къыхигъэщащ а зэгурыІуэныгъэр илъэс куэдкІэ зэрызэдэлэжьэнум лъабжьэ зэрыхуэхъунум шэч къызэрытримыхьэр. Ар хуэщхьэпэнущ зыгъэпсэхуакІуэхэм пэшхэр ирикъуу яІэным, тыншыпІэ псори зыхэт хьэщІэщхэр нэхъыбэ хъуным, турист нэхъыбэ къэкІуэным, щІыналэм и бюджетым налогхэр къыхалъхьэным.

*(КІэухыр 2-нэ нап.).*

# КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Фэеплъымрэ щыгъуэмрэ я махуэм ирихьэлІэу цІыхубэм зэрызахуигъазэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэу пщІэ зыхуэсщІхэ!

Мэкъуауэгъуэм и 22-р ди къэралым и тхыдэм нэхъ гущІыхьэу хэт махуэхэм язщ. А махуэм, илъэс 84-рэ ипэкІэ, Хэку зауэшхуэм щІидзауэ щытащ.

Ди къэралым дежкІэ ар гъэунэхугъуэ хьэлъэ дыдэт, абы щыпсэу дэтхэнэ зы унагъуэми гуауэрэ гузэвэгъуэрэ къыхуихьауэ. А зэманыр нэхъ тпэжыжьэ хъуху, кІуэ пэтми нэхъыфІу къыдгуроІуэ хуитыныгъэмрэ ди Хэкум и щхьэхуэныгъэмрэ къэзыхъума, нацизмэм дыкъезыгъэла ди цІыхубэм зэрахьа лІыгъэр зыхуэдэр.

ТекІуэныгъэм щІата уасэм и инагъыр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Дунейм тет зы къэралми щІитакъым апхуэдэ уасэшхуэ - цІыху мелуан 27-м нэс хэкІуэдащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и быну зауэм дэкІа цІыху мин 60-м щыщу мин 40-м къагъэзэжакъым.

Ди щхьэр яхудогъэщхъ зи гъащІэр зауэм зэпиудахэми, дунейм ехыжа ветеранхэми. Дэ къалэн лъапІэу диІэщ совет цІыхубэм зэрахьа лІыгъэр къыкІэлъыкІуэ щІэблэм ялъэдгъэІэсыныр, Хэку Зауэшхуэм и пэжыр дымыгъэкІуэдыныр.

Дызэрыт илъэсыр ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъуам и жьауэм щІэту йокІуэкІ. Ар икІи Хэкум и хъумакІуэм и гъэщ, абы къыхэкІыу, фашизмэр зэтезыкъута ветеранхэм, щІыхь зиІэу нобэ дзэ Іуэху хэхам хэт абыхэм я щІэблэм хуэгъэфэщащ. Шэч къытесхьэркъым ди ТекІуэныгъэр къызэрысынум!

ИремыкІуэд Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъыр!

ИугъащІэ Хэкум и хъумакІуэхэм я щІыхьым!

**2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и гъатхэ сессиер щиух, бжьыхьэ сессием щыщІидзэ махуэхэм я ІуэхукІэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 141-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. 2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и гъатхэ сессиер щиух, бжьыхьэ сессием щыщІидзэ махуэхэу зэрызэкІэлъыкІуэм хуэдэу 2025 гъэм бадзэуэгъуэм и 4-мрэ фокІадэм и 2-мрэ гъэувын.
2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм**
**и Парламентым и УнафэщІ ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм мэкъуауэгъуэм и 17-м*
*№174-П-П*

# «Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ!

**ПщІэ зыхуэтщІ щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ! 2025 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм ди газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм абы щытрадзэну пІалъэр мэкъуауэгъуэм и 24 пщІондэ екІуэкІынущ.**



**«Адыгэ псалъэм» тедзэным феужьэрэкІыну, иужь дыдэ махуэхэм нэвмыгъэсыну фыкъыхудоджэ. Ди ныбжьэгъу пэжу адэкІи фыкъэнэну, дунеймрэ лъэпкъымрэ ехьэлІа Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм анэдэлъхубзэмкІэ къыдэкІ газет закъуэмкІэ зыщывгъэгъуэзэным къыпыфщэну фыхуеймэ, фигу къыдогъэкІыж «Адыгэ псалъэм» мазихым и уасэр:**

**унэм ныфхуахьынумэ - сом 1081-рэ кІэпІейкІэ 56-рэ;**

**фэ езым поштым къыщеІыфхыжынумэ - сом 987-рэ кІэпІейкІэ 54-рэ.**

**«Адыгэ псалъэм» щытевдзэ хъунущ КъБР-м поштым зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм и ІуэхущІапІэ псоми.**

**Ди индексыр П5894**

# Нэхъри лъэщ дыхъуну дыхуейщ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

Къыхэдгъэщынщи, «AZIMUT Hotels» компаниер хьэщIэщхэмрэ зыгъэпсэхупIэхэмрэ зыгъэлажьэ урысей Iуэхущ1апIэ нэхъ ин дыдэщ, хьэщIэщхэр цIыхухэм къахухэхынымкIи, къызэщIиубыдэ щIыналъэхэмкIи къэралым бжьыпэр щызыIыгъщ. Абы хохьэ къэралым и къалэ 45-м щиIэ хьэщIэщрэ зыгъэпсэхупIэу 70, пэш мин 12-м щIигъу хъууэ. Абы епхауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым хъарзынэу щолажьэ унитI - «AZIMUT Здоровье Долина Нарзанов» санаторэмрэ Налшык къалэм дэт хьэщIэщымрэ.

## ХьэщIэхэм я тыншыпIэм хуэщIауэ

КIуэкIуэ Казбек яIущIащ «МИРА ГРУПП» компанием и унафэщIхэми. Зэпкърыплъхьэ-зэпкърыпхыж хъу унэ тынш цIыкIухэр къыщIэзыгъэкIхэм я лэжьэкIэм щыгъуазэ зищIащ республикэм и Iэтащхьэм икIи абыхэм я Iуэхутхьэбзэхэр ди щIыпIэм къызэрыщыбгъэсэбэпыфынур зэпалъытыну, а Iуэхум хэплъэну зэрамурадыр жиIащ.

«Нэхъ зэпкърыхауэ дыхэплъэнущ дызэрызэдэлэжьэфыну Iэмалхэм, сыту жыпIэмэ «Туризмэмрэ гъэхьэщIэкIэмрэ» лъэпкъ проектым хыхьэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзащIэ апхуэдэ унэ мыинхэр ухуэнымкIэ инвестицэ проектхэр дэIыгъыным теухуа программэр, - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек. - Республикэм апхуэдэ унэхэр щыщIыным трагъэкIуэдэн папщIэ къэрал бюджетым къыхэкIыу илъэсищ гъунэгъум къриубыдэу къыхуаутIыпщынущ сом мелуан 740-м щIигъу. Ди мурадщ проект 35-рэ дгъэзэщIэну, абы ипкъ иткIи пэш 500-м щIигъу къызэдгъэпэщыну».

## Налшык къыхуеблэгъэнущ

Зэхуэсышхуэм апхуэдэу зэгурыIуэныгъэ щызэращIылIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ «Творческэ лэжьыгъэм къэрикIуахэмкIэ яIэ хуитыныгъэхэр зэIэпахынымкIэ Урысей центр» жылагъуэ-къэрал зэгухьэныгъэмрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуауэ.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ центрым и унафэщI Кричевский Андрейрэ Iэ зытрадза зэгурыIуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуащ творческэ лэжьыгъэм хэтхэм, жэрдэмыщIэхэр къыхэзылъхьэхэм, цIыхум и хуитыныгъэхэм ятеухуа къэрал хабзэхэм, егъэджэныгъэ, узэщIыныгъэ Iуэхухэу бжыгъэр зи лъабжьэ технологием тегъэпсыхьахэм зэрызыщIагъэкъуэну щIыкIэхэр.

«Шэч къытесхьэркъым цIыху акъылым къилэжьа мылъкумрэ технологиещIэхэмрэ я лъэныкъуэкIэ ди щIыналъэм и зэфIэкIыр къызыкъуихыным ди зэдэлэжьэныгъэр зэрыхуэщхьэпэнум, бжыгъэр зи лъабжьэ экономикэм зегъэужьыным щIэгъэкъуэн зэрыхуэхъунум», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Центрыр Урысейм и Президентым и Указым ипкъ иткIэ къызэIуахащ 2021 гъэм, щIэныгъэм, хьэрычэт IэнатIэм, экспорт зэфIэкIхэм зегъэужьыным хуэгъэпсауэ икIи цIыхухэм я зэфIэкIхэмрэ зэчийхэмрэ къыщагъэсэбэпыфыну IуэхущIапIэхэр къахузэIухын папщIэ. Абы нэрылъагъу ещI цIыху акъылым къилэжьахэр: гъуазджэм къащехъулIахэр, къэхутэныгъэхэр, компьютер программэхэр, нэгъуэщI куэдми я щапхъэхэр. Абы хэтщ IуэхущIапIэ 30 - цIыху акъылым къилэжьа мылъкумкIэ судыр, Роспатент, Росстандарт, Роскосмос, РВК, «ВЭБ Инновации» IуэхущIапIэхэр, «Сколково» Фондыр, IT-компание пажэхэр.

ЗэрызэгурыIуам ипкъ иткIэ, дызэрыт илъэсым бадзэуэгъуэм и 17-м Налшык щызэхэтынущ «ЦIыху акъылым къилэжьа мылъкур: щIэм тет экономикэм и лъабжьэр. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ 2025» зыфIаща щIыналъэ зэхуэсыр. Абы щызэпкърахынущ творческэ лэжьыгъэм къэрикIуахэмкIэ яIэ хуитыныгъэхэмкIэ зэхъуэжэным, абы щIэныгъэ-техникэ IэнатIэри хыхьэу, ехьэлIа Iэмалхэр.

## Нэхъри мыхьэнэшхуэ иIэ мэхъу

Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек «Росагролизинг» акционер зэгухьэныгъэм и генеральнэ директор Косов Павел дригъэкIуэкIа зэIущIэри купщIафIэт.

Лъэныкъуэхэм Iэ традзащ КъБР-м и Правительствэмрэ «Росагролизинг»-мрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэм. МэкъумэшыщIэхэр зэрылажьэ Iэмэпсымэхэмрэ техникэхэмрэ яIэрызыгъэхьэ, IэнатIэм епхауэ къэралым щылажьэ агролизинг зэгухьэныгъэ нэхъ ин дыдэщ ар. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ субсидиекIэ техникэхэр зэрыхуаутIыпщ щIыкIэр егъэфIэкIуэным, абы мы гъэм и гъатхэпэм къыщыщIэдзауэ зыпаща, щIыналъэхэм худачыхыу техникэхэр зэрыращэм теухуа «Оттепель» акцэри хыхьэу. Апхуэдэу и гугъу ящIащ кIэрыхубжьэрыху быдэхэм зэрелэжь техникэ республикэм къыIэрыхьэнымкIэ щыIэ Iэмалхэми. Лизинг программэхэр ягъэзащIэкIэрэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым къыхуашащ мэкъумэш техникэу 1179-рэ. Республикэм и мэкъумэш IэнатIэм нэхъри зыщиужь, и лъэщагъым щыхигъахъуэ мы зэманым лизингым нэхъри мыхьэнэшхуэ иIэ мэхъу.

«ЗэгурыIуэныгъэр хуэщхьэпэнущ мэкъумэш IэнатIэм IэмалыщIэхэр къыщыгъэсэбэпыным, ерыскъыпхъэм пыщIа абы и къудамэхэм зегъэужьыным, кIэрыхубжьэрыху быдэхэм елэжьыныр егъэфIэкIуэным», - къыхигъэщащ республикэм и Iэтащхьэм. Абы апхуэдэуи компанием и унафэщIхэм фIыщIэ яхуищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым гулъытэ къызэрыхуащIым, зэрызэдэлажьэм папщIэ.

## Сымаджэхэм гулъытэ нэхъыбэ ягъуэтын папщIэ

Республикэм и лIыкIуэхэм форумым щрагъэкIуэкIыну яубзыхуа зэIущIэхэм япкъ иткIэ, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек «Урысейм и Сбербанк» акционер зэгухьэныгъэм и президент, и унафэщI Греф Герман хуэзащ. Абдежым абыхэм Iэ щытрадзащ Сбербанкымрэ КъБР-м и Правительствэмрэ узыншагъэр хъумэн IэнатIэр бжыгъэхэр зи лъабжьэ технологием хуэгъэкIуэн унэтIыныгъэм зэрыщызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэм. Дэфтэрым щыубзыхуащ телемедицинэ Iуэхухэр, дохутырхэм къащтэ унафэхэр, жьэрыIуатэбзэм къихауэ, компьютерым тхыгъэу иралъхьэфу хъуныр.

А лэжьэкIэхэр къагъэсэбэпу хуежьэмэ, дохутырхэм нэхъ псынщIэу икIи нэхъ тэмэму къахутэфынущ сымаджэм и узыфэр, сымаджэхэм япэIэщIэу абыхэм чэнджэщхэр иратыфынущ, ар псом хуэмыдэу къахуэщхьэпэнущ щIыпIэ пхыдзахэм щыпсэухэм. КъимыдэкIэ, Iэмал щыIэ хъунущ IэкIэ тхэуэ щымысу, дохутырым медицинэ дэфтэрхэм итыпхъэхэр макъкIэ иригъэтхыу абыкIэ зэфIэкIыну, абы къикIращи - сымаджэхэм гулъытэ нэхъыбэ ягъуэтынущ.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ Сбербанкыр Урысейм и банк нэхъ ин дыдэхэм зэращыщыр, и акционер нэхъыщхьэри къэралырауэ зэрыщытыр.

Республикэм и Iэтащхьэм Греф Герман фIыщIэ хуищIащ гулъытэ къазэрыхуищIым, щIэгъэкъуэн къазэрыхуэхъум папщIэ. «ЗэгурыIуэныгъэм, шэч хэмылъу, дызэдэлэжьэнымкIэ, зэгъусэу проектхэр дгъэзэщIэнымкIэ IэмалыщIэхэр къытхузэIуех», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.



# Хэхъуэхэр нэхъыбэ мэхъу

**ЛэжьапщIэхэр тыным пыщIа Iуэхухэм ятеухуа зэIущIэ иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек**.

АБЫ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, промышленностымкIэ, энергетикэмрэ сатумкIэ министр Ахъуэбэч Щэмил, транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ министр ДыщэкI Аслъэн, ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Журавлев Андрей, щэнхабзэмкIэ министр Къумахуэ Мухьэдин, мэкъумэш хозяйствэмкIэ министр Сыжажэ Хьэсэн, спортымкIэ министр Хьэсанэ Ислъам, щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ министр Шаваев Ильяс, Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэ Ахъуэхъу Таймураз.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым, щIыналъэм и унафэщIым жиIащ:

- Нобэ и гугъу тщIынущ улахуэхэр тыным, ику иту ди деж лэжьапщIэу къыщахьыр, цIыхухэм я хэхъуэхэр зыхуэдизым. Ахэр ди дежкIэ Iуэху нэхъыщхьэхэм ящыщу щытщ сыт щыгъуи. 2025 гъэм и щIышылэ - гъатхэпэ мазэхэм абы и лъэныкъуэкIэ щыIэ бжыгъэхэм дыщыгъуазэщ. Росстатым къызэритамкIэ, ику иту лэжьапщIэр сом 48185-рэ мэхъу, ар илъэс кIуам процент 112,5-кIэ хуокIуэ. Илъэс зыбжанэ хъуауэ дэ долэжь бюджет IэнатIэм пэрытхэм я улахуэм хэгъэхъуэным. Иужьу къата бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэщи, япэ мазищым узыншагъэр хъумэн, социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщIэ IэнатIэхэм пэрытхэм я улахуэм процент 17-кIэ хэхъуащ, егъэджэныгъэр щхьэхуэу къапщтэмэ, ар процент 113-рэ мэхъу. Апхуэдэу щытми, экономикэ IэнатIэм и къудамэ щхьэхуэхэр къатщтэрэ зэпэтлъытмэ, арэзы сыкъиIщIыркъым къат бжыгъэхэм. Нэрылъагъущ абыхэм улахуэр зэрыщыт дыдэр хэIущIыIу зэрамыщIыр икIи мыбдежым ди хьэрычэтыщIэхэм епсэлъэн хуейщ ягъэлажьэхэм ират ахъшэр зыхуэдизыр тэмэму къагъэлъэгъуэну. Абы цIыхухэм ику иту яIэрыхьэ хэхъуэр хэпщIыкIыу нэхъыбэ ищIынущ.

«ЗэхъуэкIыныгъэфIхэр щыIэщ икIи бюджет IэнатIэми, адрей унэтIыныгъэхэми абыхэм щыпытщэн хуейуэ аращ», - къыхигъэщащ Iэтащхьэм.

Мусуков Алий зытепсэлъыхь Iуэхум и щытыкIэр зыхуэдэр зэпкърыхауэ къигъэлъэгъуащ:

- Дызэрыт илъэсым цIыхухэм ипэжыпIэкIэ яIэрыхьэ лэжьапщIэри ику иту мазэм къахэхъуэри нэхъыбэ тщIын тхузэфIэкIащ. Илъэс кIуам къэрикIуахэм япкъ иткIэ, дэ щIыналъэм абыкIэ япэ увыпIэр щыдубыдащ. Гъэ блэкIам цIыху къэс ику иту сом 45374-рэ яIэрыхьащ. Дызэрыт илъэсым и щIышылэм - гъатхэпэми апхуэдэу щытащ, икIи а бжыгъэхэмкIи Кавказ Ищхъэрэм бжьыпэр щытIыгъщ, мы гъэм и япэ мазищым ахъшэ хэхъуэхэр процент 25-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Инфляцэр хэгъэкIауэ, республикэм щыпсэухэм я хэхъуэр процент 113,9-м нэсащ, ари щIыналъэм щынэхъыфI бжыгъэщ, Урысей Федерацэм абыкIэ етIуанэ увыпIэр щытIыгъщ. Иджы лэжьапщIэм теухуауэ. ЛэжьакIуэм япэ кварталым мазэ улахуэу ику иту хуатхар сом 48185-рэ хъуащ е илъэс кIуам и апхуэдэ пIалъэм процент 112,5-кIэ хуэкIуэу. ИпэжыпIэкIэ улахуэр процент 102,6-рэ хъуащ. Дэ къыдолъытэ абы нэхъ псынщIэу хэхъуэн хуейуэ. Зэхэхауэ къэбгъэлъагъуэмэ, япэ мазищым къриубыдэу зи лэжьапщIэм нэхъыбэу хэхъуа IэнатIэхэм ящыщщ: «Iуэхутхьэбзэ къинэмыщIхэр яхуэщIэныр» - процент 128,8-кIэ, «продукцэ къыщIэгъэкIыным елэжь IуэхущIапIэхэр» - процент 126,1-кIэ, «электрокъарукIэ, газрэ бахъэкIэ къызэгъэпэщыныр» - 118,8-рэ, «мэкъумэш IэнатIэр» - процент 113,7-рэ. Апхуэдэу, бюджет IэнатIэм щыщу къэралым и нэIэ зытригъэт IуэхущIапIэхэм Iутхэм я лэжьапщIэхэми хэхъуащ: егъэджэныгъэм - процент 113,2-кIэ, узыншагъэр хъумэнымрэ социальнэ унэтIыныгъэмрэ - процент 113,5-кIэ, щэнхабзэм, спортым, цIыхухэм я зыгъэпсэхунымрэ я нэгу зегъэужьынымрэ пыщIахэм - процент 105,5-кIэ. Дэ догугъэ илъэсым и кIэм ирихьэлIэу лэжьапщIэхэр ику иту сом 52400-м нэсыну. ИпэжыпIэкIэ лэжьапщIэм утепсэлъыхьмэ, илъэсым и кIэ пщIондэ инфляцэр процент 10-м къыщынэмэ, дэ процент 105,3-м дынэсын хуейщ. Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм къыдигъэкIа указхэм япкъ иткIэ бюджет IэнатIэм и лэжьакIуэхэу зи улахуэхэр ику ит лэжьапщIэм ирапхахэм я гугъу пщIымэ, япэ мазищым къэрикIуахэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, дэ ахэр догъэзащIэ, уеблэмэ къанэ щымыIэу унэтIыныгъэ псомкIи щIыдогъэгъу.

ЗэIущIэм къэрикIуахэм япкъ иткIэ Правительствэмрэ зыхуэфащэ министерствэхэмрэ зытепсэлъыхьа Iуэхухэм ятеухуа пщэрылъхэр щащIащ.

# Гу зылъытапхъэ

Республикэм щыпсэухэу, и хьэщIэхэу пщIэ зыхуэтщIхэ!

Мэкъуауэгъуэм и 24-м телевиденэм щекIуэкIынущ нэтынхэр къэзыт Iэмэпсымэхэм якIэлъыплъыным теухуа лэжьыгъэхэр.

Сыхьэти 10-рэ дакъикъэ 43-м телевизорхэм я экранхэм къытридзэнущ «техникэ къэпщытэныгъэхэр» псалъэхэр.

Лэжьыгъэр зэрызэпыунур къытхуэвгъэгъуну дыныволъэIу.

***КъБР-м Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэ.***







**Налшык и Къэбэрдей уэрамым, «Победа» кинотеатрым и гупэм къит утыкушхуэм деж Iуэхугъуэ хьэлэмэт икIи купщIафIэ къыщызэрагъэпэщащ бэрэжьей пщыхьэщхьэм. Ар хуэгъэпсат ди щIыналъэм къыщыдэкI республикэ газетхэмрэ журналхэмрэ цIыхухэм Iэ традзэным къыхуеджэным.**

● «Адыгэ псалъэр» къыхызох

# Къэбэрдей уэрамым газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щытрадзэ

ПШЫХЬЫМ кърихьэлIащ КъБР-м бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и министр Бозий Аскэр, абы и къуэдзэхэр, «КъБР-Медиа» IуэхущIапIэм и унафэщI Бежан Беслъэн, абы и нэIэм щIэт IэщIагъэлIхэр, «Урысейм и пощт» IэнатIэм ди республикэм щиIэ къудамэм, Налшык къалэ администрацэм я унафэщIхэр, IэщIагъэлIхэр, республикэм къыщыдэкI «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодёжь», «Горянка» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Минги тау», «Литературная Кабардино-Балкария», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редактор нэхъыщхьэхэр, абыхэм я щIэджыкIакIуэхэр, къалэдэсхэм ящыщ куэд.

Зи цIэ къитIуа редакцэхэм ящыщ дэтхэнэми игъэхьэзырат я къыдэкIыгъуэхэм ехьэлIа плIанэпэ щхьэхуэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, «Адыгэ псалъэм» къызэригъэпэща стIолым телът газетым и къыдэкIыгъуэ щхьэхуэхэм, номер зэхэтхэм, напэкIуэцI хэхахэм ящыщ куэд. Апхуэдэуи лъэпкъ газетым и япэ номерыр къызэрыдэкIрэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу дунейм къытехьа «Адыгэ псалъэ - 100» тхылъ купщIафIэр, газетым и «АП» дамыгъэ цIыкIур зытет тетрадхэр, блокнотхэр, ручкэхэр, IэфIыкIэхэр, нэгъуэщI хьэпшыпхэри. Фигу къэдгъэкIыжынщи, ахэр щIэджыкIакIуэхэм папщIэ иригъэщIауэ щытащ ди газетым и ныбжьэгъу пэж, хэкупсэ нэсу зи дунейр зыхь Тхьэкъуахъуэ Iэуес. А псоми яфIэхьэлэмэту щыгъуазэ зыхуащIащ пшыхьым кърихьэлIа куэдым.

Зэхуэсыр екIуу, дахэу иригъэкIуэкIащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Аттаев Азнор. Пшыхьыр къызэIуихыу абы и мурадымрэ и зэхэлъыкIэмрэ Къэбэрдей уэрамышхуэм щызэхуэса цIыхубэр щыгъуазэ хуищIа нэужь, абы япэу псалъэ иритащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Жыласэ Зaурбэч. Ар тепсэлъыхьащ зи пашэ IэнатIэм щекIуэкI лэжьыгъэм, адэкIэ къапэщылъ къалэнхэмрэ мурадхэмрэ.

- Ди газетым и лэжьакIуэхэр жэуаплыныгъэ лъагэ яхэлъу я IэнатIэм пэрытщ. Догугъу республикэм щекIуэкI гъащIэр лъэныкъуэ куэдкIэ купщIафIэу, екIуу къызэрыдгъэлъэгъуэным, пэжыр зи лъабжьэ хъыбархэр гъэхуауэ, и чэзум ди щIэджыкIакIуэхэм зэраIэрыдгъэхьэным, ди щIыналъэ дахэр зэрыгушхуэ цIыхухэр псоми зэредгъэцIыхуным, - жиIащ Жыласэм. - Илъэси 100-м щIигъуауэ къыдэкI ди газетым и пащхьэ къит къалэнхэм дапщэщи я нэхъыщхьэщ ди анэдэлъхубзэр, лъэпкъ хабзэр, щэнхабзэр хъумэныр, абыхэм адэкIи зегъэужьыныр, а псоми къытщIэхъуэ щIэблэр щыгъуазэу, фIыуэ ялъагъурэ пщIэ хуащIу, анэбзэр яIурылъу къэгъэтэджыныр. Зэманым дыдэбакъуэу, тхылъымпIэм тету къыдэдгъэкIым щIыгъуу, а мурадхэм иджыпсту худогъэлажьэ электрон къыдэкIыгъуэхэри. Фыкъыхузоджэ лъэпкъыбзэкIэ къыдэкI ди газетым Iэ тевдзэну. Адыгэ унагъуэ къэс - «Адыгэ псалъэ»!

Апхуэдэу купщIафIэу утыкум къыщыпсэлъащ адрей республикэ газетхэмрэ журналхэмрэ я редактор нэхъыщхьэхэу Бжьахъуэ Ранетэ, Конаков Хьэсэн, Къаныкъуэ Заринэ, Суановэ Залинэ, Мыкъуэжь Анатолэ, Мамыщ Владимир, Додуев Аскэр, Аброкъуэ Бэллэ, Жэрыщты Залинэ, Сабанчиевэ Арипэ сымэ.

Iуэхугъуэ дахэм къриубыдэу уэрам хуитышхуэм щекIуэкIащ цIыху куэд зэкIуэлIа пщыхьэщхьэ жармыкIэ. Апхуэдэуи концерт дахэ ятащ Гъуазджэхэмкlэ сабий еджапIэ №1-м и артист ныбжьыщIэхэмрэ уэрэд жыIэнымкIэ «Иоканта» студием и гъэсэнхэмрэ. КъинэмыщIауэ, пшыхьым хэтащ зэпеуэ, викторинэ хьэлэмэтхэри. Ахэр къэзыхьахэм пщIэншэу Iэ хутрадзащ республикэ газетхэмрэ журналхэмрэ.

**ТАМБИЙ Линэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Махуэгъэпс

# Жэщым я нэхъ кIэщI - шэмыгъапцIэ жэщ

**Ижь-ижьыжкIэ псэуахэми гу зэрылъатауэ, Дыгъэм и зыкъэIэтыкIэм, ЩIы Хъурейр зэкIэрэхъуэкI и джэлэсым елъытауэ, гъэм и кIыхьагъкIэ зехъуэж, щIымахуэм лъагэу зимыIэту, гъэмахуэм къыдэкIуэтеярэ и бзий дыхьэрэнхэмкIи къыдэгуэпылIэу.**

АСТРОНОМХЭМ къызэрабжамкIэ, гъатхэмрэ гъэмахуэмрэ я зэхэкIыгъуэ дыдэу, 2025 гъэм Дыгъэм и зыгъэзэгъуэр хуозэ дызэрыт мазэм и 21-м пщэдджыжьым сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 42-м (Москва зэманымкIэ).

ЩIэныгъэм мыхьэнэшхуэ зрит мы Iуэхугъуэр зэрытекIыу, дыщыпсэу лъэныкъуэмкIэ (ищхъэрэкIэ) нэхъ гъунэгъу дыдэу «къытхуекIуэтэкIа» Дыгъэр, ипэжыпIэкIи гъэмахуэр къызэрыщригъэхьар къыдигъащIэ хуэдэ, уэгум щызэщхьыркъабзэу махуэ зытIущкIэ къыщызэтоувыIэри, ипщэкIэ зыгъэзэж и гъуэгуанэ кIыхьым тоувэж.

ЩIыуэпсым кIэлъыплъхэм зэрыжаIэмкIи, ди планетэм ищхъэрэкIэ гъэза и щIылъэныкъуэм гъэмахуэр а далэм къыщыщIэдзауэ къыщихьэу аращ. Илъэс псом тетщIыхьмэ, мэкъуауэгъуэм и 21-м икIыу 22-м хуэкIуэ жэщыр абдежым щынэхъ кIэщI дыдэщ (Москва деж сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 27-рэ щыхъуу), ипэ ит махуэр щынэхъ кIыхь дыдэщ.

А далэр къызэрыдгурыIуэ хъунум и гугъу тщIымэ, нэху къыттезыгъащхьэ, дызыгъэхуабэ бзий дыщафэхэр нэхъыбэ дыдэу къыщыттепсэ пIалъэм дынэсауэ аращ. Ар хуозэ - високоснэ илъэсхэм деж мэкъуауэгъуэм и 20-м, мыдрей гъэхэм мэкъуауэгъуэм и 21-м.

## А махуэм лэжьыпхъэхэр

Дыгъэр шэджагъуэхуэкIуэу уэгум «къыщиувапэм» ехьэлIауэ щIэныгъэлIхэми цIыху къызэрыгуэкIхэми я еплъыкIэр щызэтехуэ щыIэщ. Абыхэм ящыщщ ар щIыуэпсым къыщыхъу зэблэкIыгъуэ нэхъ лъэщ дыдэхэм зэрыхабжэр. Нэхъыбэм къызэрызэдалъытауэ, а махуэм ирихьэлIэу къамыгъэсэбэпыж е зэрамыхьэж хьэпшыпхэмрэ щыгъынхэмрэ зыхуей гуэрхэм етыжыпхъэщ е хыфIэдзапхъэщ, унэ кIуэцIхэр къыщIэгъэкъэбзыкIын, лъапсэм щикъухьахэр щызэщIэкъуэн зэрыхуейри абы хэтыжу.

АтIэми, дызыщыгугъ зэхъуэкIыныгъэфIхэм гъуэгу ягъуэтыныр аркъудеймкIи зэрызэфIэмыкIынур къызыгурыIуэхэм зэрытрагъэчыныхьымкIэ, а махуэ зытIущми абы иужькIи дыхущIэкъупхъэщ гъатхэ-гъэмахуэ зэблэкIыгъуэм хьэл-щэныфIхэр зэрызыхэтпщэным, дигу иримыхьхэр зэрызыхэднэным ди гупсысэр тедухуэным, зи щIыхуэ ттелъхэм зэреттыжыным, зи жагъуэ тщIахэм дазэрекIужыным, нэгъуэщI абы хуэдэхэми.

Нэщэнэхэм иригъуазэхэм зэрыжаIэмкIэ, мэкъуауэгъуэм и 21 пщэдджыжьым «зэрызищIым» елъытащ гъэмахуэ псом дэтлъагъунур зыхуэдэри. Псалъэм папщIэ, а махуэм и кIыхьагъкIэ уафэр къащхъуэрэ дыгъэри къыдэгуэпылIэмэ, дунейм и щытыкIэм адэкIи дызэригъэгуфIэнум шэч къытевмыхьэ, илъэсым гъавэ бэв къызэрытхуихьынури нэрылъагъущ. А махуэм бзухэм шэдхэм, псы инахэм зыщагъэпскIмэ, къытпэплъэр гъэмахуэ цIывыгъуэщ.

## Гъэмахуэ плъыфэбэ

Бжыгъэхэр нэсу зэкIэлъыгъэкIуэнымрэ зэгъэзэхуэнымкIэ астрономхэр математикхэм къазэрыкIэрыху щыIэкъым. Ар икIи гурыIуэгъуэщ. АтIэ, япэу зи цIэ къитIуахэм къызэрабжамкIэ, мэкъуауэгъуэм и 21-м щIэзыдза «гъэмахуэ дыдэу» къалъытэр щикIынур махуэ 92-рэ дэкIа иужькIэщ. Нэхъри дгъэбелджылымэ, Москва къыщекIуэкI зэманымкIэ 2025 гъэм фокIадэм и 22-м сыхьэт 21-рэ дакъикъэ 19-м тIэкIу щIигъуауэщ. Абдежращ, ди адэжьхэми гу зэрылъатауэ, бжьыхьэм ипэжыпIэкIи и щIэдзэгъуэр. Абы и щыхьэтщ гъэмахуэкIэ-бжьыхьэпэ махуэхэм я нэхъ кIэщIымрэ (сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 11-рэ секунди 8-р) жэщхэр нэхъ кIыхь хъууэ щыщIадзамрэ (сыхьэт 11-рэ дакъикъэ 48-рэ секунд 52-р) а далэм зэрыхуэзэри...

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

# Мы махуэхэм

**Мэкъуауэгъуэм и 21,** *щэбэт*

♦**Гидрографием и дунейпсо махуэщ**

♦**УФ-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм и кинолог IуэхущIапIэхэм я махуэщ**

♦**1956 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор, РАЕН-м и член-корреспондент **Къуий Iэмырбий**.

♦**1956 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, публицист, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Мыкъуэжь Анатолэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 16 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 22,** *тхьэмахуэ*

♦**Хэкур яхъумэурэ хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ. 1941 гъэм Хэку зауэшхуэр къэхъеящ.**

♦**1967 гъэм** Налшык ПТУ №7-м и цIыхубз спортсменкэ 15 ди республикэм и къалащхьэм щежьэри, лъакъуэрыгъажэкIэ Ленинград кIуэну гъуэгу техьащ.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ щIэныгъэлI, жылагъуэ лэжьакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Залиханов Михаил**.

♦**1941 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат **КъуэщIысокъуэ Александр**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **ХьэпащIэ Юрэ**.

♦**1953 гъэм** къалъхуащ искусствоведением и доктор, профессор, УФ-мрэ КъБР-мрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым и ректор **Рахаев Анатолэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 23,** *блыщхьэ*

♦**Дунейпсо Олимп махуэщ**

♦**ООН-м къэрал къулыкъу щыщIэным и дунейпсо махуэщ**

♦**1952 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **КIэмыргуей Валентин**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 24-рэ, жэщым градус 15 - 16 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**КъызэреIыпхын щыпщIэкIэ, зэрептыжыни щIэ.**

● Мэкъуауэгъуэм и 22-р Фэеплъымрэ щыгъуэмрэ я махуэщ

# Берлин нишэсат зауэ гъуэгуанэм

**1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм цIыхубэм къахуихьауэ щыта насыпыншагъэхэмрэ бэлыхьхэмрэ къыпхуэмыIуэтэжыным хуэдизщ. Абыхэм ятеухуа хъыбархэм дыщыщIэдэIукIэ, фильмхэм дыщеплъкIэ, тхылъхэм дыщеджэкIэ, дэ, а зауэшхуэр Iуэрыфуэтэжу фIэкIа зымылъэгъуахэм, дигури ди псэри мэуз а лъэхъэнэм хиубыда, апхуэдиз щыщIэныгъэрэ гугъуехьрэ зытелъа цIыхухэм папщIэ. «Пхуэмышэчын къыптрилъхьэркъым», - жыхуиIэращ псалъэжьым, итIани, а псори, дауи, хьэлъэ дыдэт, балигъхэми сабийхэми я дежкIэ. А псоми: нобэ дунейм щекIуэкI зэпэщIэувэныгъэми блэкIа жыжьэм щыIа а зауэшхуэми - къытедгъаззэурэ дытепсэлъыхьыжын хуейщ, къэралым къихъуэ щIэблэр фронтым Iутхэр дапщэщи зыпхыкI гугъуехьхэмрэ бэлыхьхэмрэ щыгъуазэу щытын папщIэ, мамырыгъэ лъапIэр я гъащIэкIэ, я псэкIэ, ялъкIэ къытхуэзыхьа лIыхъужьхэм я цIэхэр ящIэн щхьэкIэ. Си тхыгъэр зытеухуар апхуэдэ совет зауэлIхэм ящыщ Къардэн Хьэзиз Мурат и къуэрщ (1923 - 1987).**



ХЭКУ зауэшхуэр къыщыхъеям щыгъуэ си адэ къуэш нэхъыжь Хьэзиз илъэс 18 ирикъуа къудейт. Ар я бын пажэт Щхьэлыкъуэ къуажэм дэс Къардэн зэщхьэгъусэхэу Муратрэ Лицэрэ. 1923 гъэм къалъхуа Хьэзиз къыкIэлъыкIуэу унагъуэм къихъуат Сурэтхъан (Цацэ) цIэ дахэр зиIэ хъыджэбз закъуэр, иужькIэ къахэхъуат щIалэ нэхъыщIэхэу Къанщобийрэ Тамбийрэ. Зэщхьэгъусэхэр псэуртвластыщIэм декIуу, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ, пщIэрэ нэмысрэ яку дэлъу я бынхэм хуаIэ хъуэпсапIэхэр нахуапIэ зэращIыным хущIэкъуу. Сабийхэри къэхъурт жыIэщIэу, щIэныгъэм хуэпабгъэу, курыт школыр фIы дыдэу 1941 гъэм и гъэмахуэм къэзыуха Хьэзиз я щапхъэу. Юрист IэщIагъэ зэзыгъэгъуэтыну щIэхъуэпс а щIалэщIэм и мурадт еджэным адэкIи пищэу и гуращэхэм ялъэIэсыну...

Совет цIыхубэм ящыщ зы унагъуэ закъуэм илъ щытыкIэт зи гугъу сщIыр. Апхуэдэут нэхъыбэр зэрырихьэлIар 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м - ди къэрал иным а лъэхъэнэм щыпсэуа дэтхэнэми гуауэшхуэ къахуэзыхьа а махуэм. Щхьэлыкъуэдэсхэри арат. Зауэмрэ зэрыхьэзэриймрэ я пIалъэ зыщIэ нэхъыжьхэр иригузасэрт къэхъуа бэлыхьым. Хэкупсэу, цIыху пэжу жылэм дэсхэм я щапхъэ комсомолец щIалэхэр фронтым Iухьэу бийм пэщIэувэну илъэдэкъэщыкIырт. Абыхэм ящыщт Хьэзизи. Зауэр къызэрыхъейуэ ар и ныбжьэгъу гуп и гъусэу военкоматым мызэ-мытIэу кIуат, фронтым Iухьэну зэрыхуеймкIэ лъэIу тхылъи щIилъхьат. Гъэмахуэм къриубыдэу зауэм дашахэм яхэхуакъым Хьэзиз. «Уэри уи чэзур къэсынщ, щIалэфI!» - къыжраIэурэ къыIуагъэкIыжырт абы, и Iуэхур зыIутым щIэупщIэну военкоматым кIуэхукIэ. А чэзури жыжьэжтэкъым.

СССР-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и къэрал комитетым 1941 гъэм и щэкIуэгъуэм къыдигъэкIа указым ипкъ иткIэ, лъэпкъ щIыналъэхэм къыщызэрагъэпэщын хуейт дзэ частхэмрэ зэгухьэныгъэхэмрэ. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр Дзэ Плъыжьым зауэлIхэр зэрахуримыкъурт, апхуэдэуи Iуэхум халъыташ лъэпкъ щIыналъэхэм ящыщу фронтым ираджэ зауэлI куэдым урысыбзэр зэрамыщIэр, абы къыхэкIыуи нэхъ гугъу хъурт ахэр зэуэным хуэбгъэсэну. А псори и лъабжьэу Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м, адрей лъэпкъ щIыналъэ куэдми хуэдэу, къыщызэрагъэпэщауэ щытащ 115-нэ шу дивизэр. Абы къащтэрт илъэс 35 - 40 нэхърэ нэхъыбэ зи мыныбжь цIыхухъухэр. А шууей дивизэм хэхуауэ щытащ Хьэзизи.

Фронтым и хабзэхэм хэзымыщIыкI сэлэт щIалэхэр зауэ хуэIухуэщIэхэм хуагъэсащ мазэ зыбжанэкIэ. Сержантхэр щагъэхьэзыр школыр къиухри, Хьэзиз ягъэкIуащ 115-нэ шуудей дивизэм и 104-нэ шу топгъауэ дивизионым.

- Ди дивизэр зэуэным хуэщIа хъуауэ къыщалъытар 1942 гъэм и мэлыжьыхь мазэм и кIэухыращ. ЗэрыжаIэмкIэ, абы и ныкъуэр зэуэным хуагъэхьэзыракIэ зауэлIт, адрейхэр сэ схуэдэ щIалэщIэ защIэт. «Налево», «направо» урыс псалъэхэр зымыщIэ куэд къытхэтти, абыхэм я дамэхэм зым мэкъу, адрейм хьэуазэ трапхэрти, «мэкъумкIэ», «хьэуазэмкIэ» жаIэурэ ягъасэрт. ЩIыпIэхэм апхуэдэурэ дыщагъэса нэужь, дивизэр зэрыщыту Налшык дыщызэхуашэсащ, абыи иджыри дыщагъэсэжащ. Накъыгъэм и 1-м къалащхьэм щекIуэкIа махуэшхуэ пэкIум дыхэтауэ щытащ, - игу къигъэкIыжырт си адэ къуэшым, и зауэ гъуэгуанэм щытепсэлъыхьыж зэзэмызэм деж. - ПэкIум дикIри, занщIэу гъущI гъуэгу станцым дашат. АдэкIэ къытпэплъэр фронтырт.

Зэщхьэгъусэхэу Муратрэ Лицэрэ ар щрагъэжьащ гъущI гъуэгу станцым деж. Зи бынр зэуапIэм Iузыгъэхьэ адэ-анэм фIы ягу щыщIэнт? Гузавэрт Хьэзиз зыгуэр къыщыщIынкIэ, апхуэдэу гушхуэрт Сталинград къэзыщтэну къеIэ бийм пэщIэувэну дзэхэм ящыщ 115-нэ шу дивизэ цIэрыIуэм, зэрыкъуажэу, зэрыщIыналъэу ягъэхьэзыра зауэлI гупым, зэрыхэхуам щхьэкIэ. Лицэ къытекIуэрт быным щхьэкIэ зэрыгузасэри, и нэпсыр гъущыртэкъым, Мурат зиIыгът, лIы и хьэлу.

Апхуэдэу зауэм Iухьащ илъэс 19 фIэкIа зи мыныбжь Къардэн Хьэзиз. Ар зыхэта дивизэм, полковник Скороход Антон зи пашэм, и къалэн нэхъыщхьэт ди къэралым и ипщэрабгъу щIыналъэм щыIэ транспорт, промышленность центр нэхъ ин Сталинградрэ щIыдагъэкIэ, нэгъуэщI щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэкIэ къулей Кавказ Ищхъэрэмрэ зыIэригъэхьэну къебгъэрыкIуэ бийм пэщIэувэну. 1942 гъэм и накъыгъэ - фокIадэ мазэхэм къриубыдэу Хьэзиз щызэуащ Тэнрэ Индылрэ я зэхуаку дэлъ щIыпIэхэм. Ар хэтащ Тэн Iус Ростов и Iэшэлъашэхэм щыс Большая Мартыновкэ, Малая Мартыновкэ, Ново-Николаевскэ, Цимлянскэ жылэхэм. Апхуэдэ зауэ гуащIэхэм хэту япэ уIэгъэ хьэлъэр къытехуауэ щытащ абы. Абы и лъэужьу Хьэзиз и бгъэгу сэмэгумкIэ хуэзэу сэшхуэм къытридзауэ щыта уIэгъэм и фэбжьышхуэ телът. А Iуэхугъуэм теухуауэ дэ, сабийхэр, дызыщыгъуазэр куэд хъуртэкъым. УIэгъэ хьэлъэ хъуауэ зызымыщIэжу, ауэ и псэр Iуту ди адэ къуэшыр зауэ губгъуэм къинауэ илът. Жэщ хъууэ зэхэуэр увыIа нэужь, уIэгъэхэмрэ яукIахэмрэ къызэщIакъуэжыну зауэр щекIуэкIа щIыпIэм ихьахэм ящыщ зы урыс медсестра цIыкIу гуэрым километр бжыгъэ куэдкIэ къилъэфри, укIыпIэм кърихат Хьэзиз. ИужькIэ уIэгъэщым куэдрэ щIэлъащ, операцэ хьэлъи ящIат. И лъэм иIыгъ хъужа нэужь, Хьэзиз аргуэру Iухьэжащ зауэлI зыхуримыкъу фронт ткIийм икIи лIыгъэрэ хахуагъэрэ къигъэлъагъуэу бийм пэщIэтащ.

ТIасхъэщIэх дивизионым хэтуи зэуащ ар адэкIэ. Апхуэдэ «зекIуэхэм» ящыщ зым щыIэу, пщэрылъ къыщащIари игъэзэщIауэ бийм и хэщIапIэм къипщыж пэтрэ, абы гу къылъатэри, автоматышэр къытраунэщIат, и лъакъуэ лъэныкъуэр уIэгъэ хьэлъэ ящIу. Ари фэбжь хуэхъури, къыхуэна и гъащIэр щIакъуэ башыр иIыгъыу ирихьэкIащ Хьэзиз. Апхуэдэу хъуами, псэзэпылъхьэпIэм иту Къардэным къихьэса хъыбархэм мыхьэнэшхуэ яIэу къыщIэкIат штабым и дежкIэ. Абы щыгъуэ си адэ къуэшым къыхуагъэфэщауэ щытащ Хэку зауэ орденым и I-нэ нагъыщэр.

УIэгъэщым зыщигъэхъужа нэужь, Хьэзиз зауэ IэнатIэм аргуэру Iухьэжащ. 115-нэ шу дивизэр Сталинград фронтым хагъэхьэжати, абы и 91-нэ фочауэ полкым хэхуащ ар. Абы хэту Хьэзиз щызэуащ Курск, Орёл, Сталинград деж щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм. ИужькIэ 4-нэ шу корпусым хэту Хьэзиз зауэ гъуэгуанэм пищащ икIи Берлин нэсащ.

ТекIуэныгъэм и махуэм ар ирихьэлIащ ещанэрейуэ уIэгъэщым щIэлъу. Хэку зауэшхуэр ди текIуэныгъэкIэ иухыу мазихи дэкIыжа нэужьщ Хьэзиз унэм къыщыкIуэжыфар. Абы и бгъэгум щылыдырт Хэку зауэ орденым и I-нэ нагъыщэр, «Хахуагъэм папщIэ», «Сталинград зэрахъумам папщIэ», «Германием дызэрытекIуам папщIэ», абыхэм хуэдэ дамыгъэ лъапIэхэри. Къыхуагъэфэщат Сталиным и Iэр зыщIэлъ щытхъу тхылъ, нэгъуэщIхэри. Мамыр гъащIэр зэтеувэжа нэужь, си адэ къуэшыр юрист IэщIагъэм щыхуеджащ Саратов дэт къэрал юридическэ институтым (иджы академиещ), цIыхубэ судым илъэс куэдкIэ щылэжьащ.

Хьэзиз унагъуэ иIащ. Абы щхьэгъусэ хуэхъуат Ислъэмей къуажэм щыщ бзылъхугъэ дахэ дыдэ Улэ (ар Iэпщэхэ япхъут). Езыхэм япкъ къикIауэ бын Алыхьым къызыщIимыгъэува зэщхьэгъусэхэм ди нанэ и унафэкIэ сабиитI дратауэ щытащ: къуищрэ зыпхъурэ зиIэ си адэ къуэш курыт Къанщобийрэ абы и щхьэгъусэ Хужьрэ (ар Хьэщыкъуейхэ япхъущ) яйуэ щIалэ курыт Арсенрэ пхъуищрэ зы къуэрэ зэдэзыгъуэта си адэ Тамбийрэ си анэ КIунэрэ (ар Науржанхэ япхъут) я бынхэм ящыщу сэрэ. Арсен бын яхуэхъури ябгъэдэсащ, унагъуи хъужри, щIэбли къыщIэуващ. Сэ зигу сыпымыкI си дэлъху закъуэ Владимир сыкъидыгъуж зэпытурэ си адэ къуэшым я деж сыщигъэIэртэкъыми, икIэм-икIэжым ди унэ сыкъинэжыну нанэ унафэ ищIащ. Иджыпсту хуэдэу сощIэж: си дэлъхум зыми ямылъагъуу хадэ кIуэцIкIэ сыкъихьыжырти, Iуэхур хэIущIыIу зэрыхъуу нанэ накIуэрт, псоми бзаджэ яжриIэрти, си Iэр быдэу икъузу иIыгъыу аргуэру Хьэзизрэ Улэрэ сакъыхуишэжырт. Сэри сфIэхьэлэмэту сыхэтт си хъуреягъым иращIэкI зэрызехьэм...

ТекIуэныгъэм и махуэхэм деж Хьэзизхэ дыщызэхуэсырт дадэрэ нанэрэ къатехъукIа псори. Я бын пажэм и зауэ гъуэгуанэ хьэлъэм теухуа хъыбархэр щаIуэтэжкIэ, ди анэшхуэр дапщэщи пыхьэрт, ар зыпхыкIа гугъуехьхэмрэ бэлыхьхэмрэ псэкIэ зыхищIэу. Апхуэдэуи сыт щыгъуи фIыщIэ ин хуищIырт Хьэзиз ажалым къезыгъэла Алыхьым. Абы къыкIэлъыкIуэу зауэ губгъуэм къизылъэфыжауэ щыта урыс медсестра мыцIыху цIыкIум ехъуэхъурт, абы нэхърэ нэхъ гугъуехь игъащIэ псокIэ имылъагъуу куэдрэ псэуну. ТекIуэныгъэр илъэс 40 щрикъум щыгъуэ Хьэзиз къратауэ щытащ автомашинэ псынщIэ.

1987 гъэм и гъэмахуэм, илъэс 64-рэ ирикъуа къудейуэ, зэуэзэпсэу дунейм ехыжауэ щытащ си адэ къуэшыр. А хэщIыныгъэр хуабжьу къызэхьэлъэкIауэ щытащ...

Дадэрэ нанэрэ я щIэблэр ноби дызэрыгушхуэ Къардэн Хьэзиз Мурат и къуэми зи дунейр зыхъуэжа адрей ди Iыхьлылыджанэ псоми я ахърэтыр нэху хъуауэ Тхьэм къыщIигъэкI. Си адэ къуэшым и псэр Тхьэм щигъэгуфIыкI и цIэ фIыкIэ къитIуэу дигу къызэрыкIыжам...

**ЖЫЛАСЭ (КЪАРДЭН) Маритэ,**
*КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.*

● Фэеплъ

# И къалэмыр жант

**КъигъэщIа тхыгъэхэм зи гъащIэр хэзыухуэнэжу цIыхухэм тыгъэ яхуэзыщIа тхакIуэхэм ящыщщ КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ Кхъуэхъу Цуцэ Мэжид и пхъур. Ар къызэралъхурэ мы мазэм илъэси 105-рэ ирокъу.**

ХЭТ и гугъэнт революцэмрэ граждан зауэмрэ зи сабиигъуэр хиубыда хъыджэбз цIыкIур щIэныгъэм хуэушу, адыгэхэр зыщыпсэу хэгъуэгуищми, езы къэрал утыкуми зи цIэр щызыгъэIуну тхакIуэ къыхэкIыну? Еджэн щыщIидза япэ илъэсхэм щегъэжьауэ щIэныгъэм зэрыхуэпабгъэм къыпэкIуащ Цуцэ и зэфIэкIыр. Илъэси 105-рэ дэкIыжауэ дызоплъэкIыжри, къыдгурыоIуэ – Тхьэр фIыкIэ Цуци лъэпкъми къыхуэупсэри, къалэмыр къыIэщIилъхьат. Нобэ апхуэдэу гугъуехь пымыщIауэ къэтлъытэми, а зэманым бзылъхугъэр и щIэныгъэкIэ, зэфIэкIкIэ утыкум ихьэныр Iуэху къызэрыкIуэтэкъым.

1920 гъэм Къэсейхьэблэ (иджырей Хьэбэзым) къыщалъхуащ Кхъуэхъу Цуцэ. Адыгэ бзылъхугъэхэм ящыщу япэу щIэныгъэм зезытахэм яхэтащ. А илъэс гугъухэм ухэплъэжмэ, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм я щIалэгъуалэм пкъырэ лъабжьэрэ яхуэхъуа мэкъумэшыщIэ щIалэгъуалэм я еджапIэр къиухащ. Ар мащIэу къилъытэри, Цуцэ щIэтIысхьащ Черкесск дэт педучилищэм. Бзылъхугъэм дежкIэ ар щIэныгъэшхуэт. И щхьэр, и унагъуэр зэрипIын, къуажэм зырыщыпсэуфын IэщIагъэ зригъэгъуэтагъэххэт Цуцэ. Ауэ аргуэру и еджэным пещэ. Къэбэрдей-Балъкъэр университетым щIэныгъэ нэхъыщхьэ къыщIех, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм пэроувэ. Цуцэ егъэджакIуэу мэлажьэ, зэфIэкI иIэу. Ар къамылъытэу къэнэнт?! Областым и еджапIэ-интернатым и унафэщI ящI, кIэлъыкIуэу Къэрэшей-Шэрджэс тхылъ тедзапIэм и адыгэ къудамэм и редакторщ.

Иужьрейуэ зи цIэ итIуа IэнатIэм - литературэм епхам - бзылъхугъэм нэгъэсауэ зрет. Цуцэ УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм 1968 гъэм хагъэхьэ. «ФатIимэт» зыфIища и романыр Москва «Советская Россия», «Современник» тхылъ тедзапIэхэм къыщыдокI 1974, 1985 гъэхэм. Ар тхылъеджэхэм яIэрыхьащ урысыбзэкIэ. ЗэдзэкIакIуэ Князевэ Т. нэгъэсауэ елэжьауэ, тхакIуэм и гупсысэгуращэхэр имыгъэкIуэду хамэбзэкIэ къиIуэтэжауэ къыщIэкIри, романыр икъукIэ ягу ирихьащ урысыбзэкIэ еджа щIэджыкIакIуэхэм. А зэманым щыщIэдзауэ, Цуцэ яхохьэ зи цIэр фIыкIэ жаIэ совет бзылъхугъэ тхакIуэхэм. Абы игъэгушхуа бзылъхугъэм и Iэдакъэ къыщIокI нэгъуэщI тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэри. Абыхэм ящыщщ «Нысэ ябгэ», «Анэм и пэш» тхыгъэхэр, нэгъуэщIхэри. «ФатIимэт» романри апхуэдизкIэ цIэрыIуэ хъуати, цIыхухэм я лъэIукIэ етIуанэу къыдагъэкIыж. ГъэщIэгъуэныр аракъэ, Цуцэ къиIуатэр къызэрымыкIуэ Iуэхугъуэтэкъым, зыри зыхэмыплъа къэхъукъащIэ телъыджэтэкъым, атIэ, махуэ къэси жыхуаIэм хуэдэу, цIыхухэм я нэгу щIэкI гуэрхэрт. Ар щхьэкIэ апхуэдизкIэ нэгъэсауэ цIыхухэм я гурыгъу-гурыщIэхэм хэплъэрти, «ярэби, мыр сэрауэ пIэрэ щIатхар», жаIэу игъэгупсысэрт. Аращ бзылъхугъэм и IэдакъэщIэкIхэр щIэджыкIакIуэхэм апхуэдизу щIызэIэпахыр. Цуцэ къиIэт гукъеуэхэр унагъуэм, уэрамым, лэжьапIэм узыщрихьэлIэ Iуэхугъуэхэрат. НэгъуэщIу жыпIэмэ, цIыху щхьэхуэр, жылагъуэр зыгъэпIейтей защIэт. ГъэщIэгъуэныр аракъэ, абыхэм хэкIыпIэ яхуигъэлъагъуэрт, я гур фIым щигъэгугъыу.

Цуцэ и IэдакъэщIэкIхэм теухуауэ мащIэкъым ятхар. Бзылъхугъэм и тхакIуэ зэфIэкIым тепсэлъыхьахэм ящыщщ еджагъэшхуэхэу, критикхэу Бэчыжь Лейла, Хъупсырокъуэ Хъызыр, Дзасэжь Хьэсанш сымэ. Цуцэ и тхыгъэхэм щыщ еджапIэхэм я программэм хагъэхьауэ сабийхэми ирагъэдж.

Адыгэ литературэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа Кхъуэхъу Цуцэ хуэфэщэн пщIэи игъуэтыжащ - «Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэр къыхуагъэфэщащ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

## Мэрем, мэкъуауэгъуэм и 27

### Первый канал

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 17.00** Информационный канал (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.40** «Человек и закон» (16+)
**19.45** «Поле чудес» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Что? Где? Когда? (16+)
**23.20** «Наша новая музыка» (12+)
**00.40** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### Россия 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** Прямой эфир (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ВСЕ КАК У ЛЮДЕЙ» (16+)
**01.35** Х/ф «С НЕБЕС НА ЗЕМЛЮ» (16+)

### НТВ

**04.50, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «ДНК» (16+)
**17.55** «Жди меня» (12+)
**20.00** Т/с «ДЕЛЬФИН» (16+)
**00.15** «Своя правда» с Романом Бабаяном (16+)
**02.10** «Захар Прилепин. Уроки русского» (12+)
**02.40** «Квартирный вопрос» (0+)
**03.30** Х/ф «ТАНЕЦ ЖИВОТА» (18+)

### Звезда

**06.20** Т/с «ПОЗЫВНОЙ СТАЯ-2» (16+)
**09.00, 13.00, 17.00, 19.00** Новости дня (16+)
**09.20** «Ищу своих» (12+)
**10.05** Д/с «Вторая мировая. Пламя и сталь» (16+)
**11.00** Х/ф «ПОХИЩЕНИЕ «САВОЙИ» (16+)
**13.25** «По горячим следам» (16+)
**13.45, 15.05** Т/с «ПОЗЫВНОЙ СТАЯ-2» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**16.05** «Специальный репортаж» (16+)
**16.20** «По горячим следам» (16+)
**16.40, 17.15** Х/ф «ДРУЖБА ОСОБОГО НАЗНАЧЕНИЯ» (16+)
**19.40** «Загадки века с Сергеем Медведевым». «Топаз» против НАТО» (12+)
**20.30** «Война миров». «СССР-США. Битва на спортивных аренах» (16+)
**21.20** «Специальный репортаж. Что русскому смешно...» (16+)
**22.00** «Здравствуйте, товарищи!» (16+)
**23.30** «Музыка+». «Боль моей любви...» Народный артист РФ Александр Олешко и заслуженная артистка РФ Нонна Гришаева (12+)
**00.55** Т/с «РАФФЕРТИ» (16+)

### Россия К

**06.30** Диалоги о животных
**07.20** Легенды мирового кино
**07.45** Д/с «Семь чудес Древнего мира»
**08.40** Х/ф «МОЯ СУДЬБА» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**10.15** Д/ф «На волне моей памяти»
**10.55** Шедевры старого кино
**12.45** Д/с «Вначале было дело, или История русской промышленности»
**13.15** Х/ф «СЕМЬЯ ЗАЦЕПИНЫХ» (16+)
**15.35** «Энигма»
**16.30** Письма из провинции
**17.15** Звезды XXI века
**18.15** Д/с «Забытое ремесло»
**18.30** Д/с «Семь чудес Древнего мира»
**19.45** Балет «Золотой век». Памяти Юрия Григоровича
**21.40** Х/ф «ДЕЛО «ПЕСТРЫХ» (16+)
**23.20** «2 Верник 2»
**00.10** Х/ф «ДАВИД И ГОЛИАФ» (16+)
**01.45** Звезды XXI века
**02.40** М/ф «Балерина на корабле»

### Матч!

**06.00** «Футбол на все времена» (12+)
**06.30** Д/с «Век нашего спорта» (12+)
**07.00, 09.00, 12.55, 15.25** Новости
**07.05, 10.40, 11.35, 20.05, 23.40** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** Небесная грация (6+)
**09.25** Автоспорт. G-Drive. Российская серия кольцевых гонок. Игора-драйв (6+)
**09.55** Хоккей. «Сибирь» (Новосибирская область) - «Салават Юлаев» (Уфа). КХЛ. Чемпионат 3х3. Прямая трансляция
**10.50** Хоккей. «Металлург» (Магнитогорск) - «Динамо» (Минск). КХЛ. Чемпионат 3х3. Прямая трансляция
**12.35** Лица страны (12+)
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** «Формула-1. Гаснут огни» (12+)
**14.55** «Футбол на все времена» (12+)
**15.30** Смешанные единоборства. One FC. Прямая трансляция из Таиланда
**19.30** 30 лет UFC. Лучшие нокауты (16+)
**21.00** Автоспорт. Дрифт. RDS OPEN. Трансляция из Нижнего Новгорода (6+)
**22.00** Футбол. Премия Winline. Герои РПЛ. Трансляция из Москвы (12+)
**00.30** Д/ф «Куртуа. Возвращение» (12+)
**02.10** Легкая атлетика. Мировой континентальный тур. Трансляция из Чехии (6+)
**04.00** Новости (0+)

## Щэбэт, мэкъуауэгъуэм и 28

### Первый канал

**06.00** Телеканал «Доброе утро. Суббота»
**09.45** «Слово пастыря» (0+)
**10.00, 12.00** Новости
**10.15** Поехали! (12+)
**11.05** «Играем свадьбу!» (12+)
**12.15** «Наше все» (12+)
**13.05** Т/с «УБОЙНАЯ СИЛА» (16+)
**17.00** «Кто хочет стать миллионером?» (12+)
**18.00** Вечерние новости
**18.20** Большой юбилейный концерт Стаса Михайлова (12+)
**20.25** «Михаил Задорнов. Вся жизнь» (16+)
**21.00** «Время»
**21.35** КВН. Высшая лига (16+)
**23.50** Ледовое шоу «Ассоль» (0+)
**00.40** «Алые паруса-2025». Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
**01.05** Ледовое шоу «Ассоль» (0+)

### Россия 1

**05.00** Утро России. Суббота
**08.00** Местное время. Суббота
**08.35** «По секрету всему свету»
**09.00** «Формула еды» (12+)
**09.25** «Пятеро на одного»
**10.10** Сто к одному
**11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.45** «Наши. Военкоры» (12+)
**12.15** Д/ф «Парад победителей» (12+)
**13.00** Большие перемены
**14.45** Вести. Местное время
**15.05** Гала-концерт X Международного фестиваля народной песни «Добровидение» (6+)
**17.50** «Привет, Андрей!» (12+)
**20.50** Вести. Местное время
**21.00** Х/ф «СТО ЛЕТ ТОМУ ВПЕРЕД» (16+)
**23.40** Д/ф «Алые паруса» (12+)
**00.40** «Алые паруса-2025». Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
**01.05** Х/ф «ОХОТА НА ВЕРНОГО» (16+)
**02.50** Х/ф «ОЛЮШКА» (16+)

### НТВ

**04.55** Х/ф «ЗАПРЕТ НА ЛЮБОВЬ» (16+)
**06.20** «Жди меня» (12+)
**07.20** «Смотр» (16+)
**08.00, 10.00, 16.00** «Сегодня»
**08.20** «Поедем, поедим!» (16+)
**09.20** «Едим дома»
**10.20** «Главная дорога» (16+)
**11.00** «Живая еда» с Сергеем Малозёмовым» (12+)
**12.00** «Квартирный вопрос» (0+)
**13.00** «Гладиаторы» (12+)
**15.00** «Своя игра» (0+)
**16.20** ЧП. Расследование (16+)
**17.00** «Следствие вели...» (16+)
**19.00** «Центральное телевидение» с Вадимом Такменевым
**20.20** Х/ф «СЛОМАННАЯ СТРЕЛА» (16+)
**00.35** «Ч.Т.Д.» с Маргаритой Симоньян (16+)
**01.10** Х/ф «ЗАХВАТ» (18+)

### Звезда

**05.45** Х/ф «СТРЕЛЫ РОБИН ГУДА» (16+)
**07.20** Х/ф «ХРОНИКА ПИКИРУЮЩЕГО БОМБАРДИРОВЩИКА» (16+)
**09.00, 13.00, 19.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Второе мнение» (12+)
**09.45** «СССР. Знак качества» с Иваном Охлобыстиным» (12+)
**10.35** «Не факт!» (12+)
**11.05** «Мужики» (16+)
**11.35** «Легенды кино». Валентина Талызина (12+)
**12.30** «Любовь на линии огня». «Маршал Иван Баграмян и его Тамара» (16+)
**13.20** «Специальный репортаж» (16+)
**13.35** Х/ф «УЗНИК ЗАМКА ИФ» (16+)
**18.40, 19.25** Х/ф «ДЕЛО РУМЯНЦЕВА» (16+)
**21.15** «Галерея Звезд». Аза Лихитченко (12+)
**22.50** Х/ф «ВА-БАНК» (16+)
**00.55** Х/ф «ВА-БАНК 2, ИЛИ ОТВЕТНЫЙ УДАР» (16+)

### Россия К

**06.30** «Библейский сюжет»
**07.05** М/ф «Король и дыня». «Завтра будет завтра». «Зарядка для хвоста». «Как лечить удава». «Куда идет слоненок». «Ненаглядное пособие»
**08.05** Х/ф «БАЛЛАДА О ДОБЛЕСТНОМ РЫЦАРЕ АЙВЕНГО» (16+)
**09.35** Д/с «Передвижники»
**10.05** «Острова»
**10.45** Х/ф «ДЕЛО «ПЕСТРЫХ» (16+)
**12.25** Д/с «Репортажи из будущего»
**13.05** Д/ф «В королевстве красноще-ких муравьев»
**14.00** Д/ф «Операция «Реставрация» и другие тайны московских усадеб»
**14.50** «Рассказы из русской истории»
**15.35** Больше чем любовь
**16.20** Д/с «Энциклопедия загадок»
**16.50** Д/ф «Добро пожаловать, или Посторонним вход воспрещен». Без сюрпризов не можете?!»
**17.30** Х/ф «ДОБРО ПОЖАЛОВАТЬ, ИЛИ ПОСТОРОННИМ ВХОД ВОСПРЕЩЕН» (16+)
**18.45** Д/ф «Чистая Победа»
**19.30** Новости культуры
**19.45** Линия жизни
**20.40** Х/ф «ДВАДЦАТЬ ШЕСТЬ ДНЕЙ ИЗ ЖИЗНИ ДОСТОЕВСКОГО» (16+)
**22.00** «Кинескоп» с Петром Шепотинником
**22.40** Х/ф «БАЛ» (16+)
**00.35** Д/ф «В королевстве краснощеких муравьев»

### Матч!

**06.00** Смешанные единоборства. UFC. Роман Копылов. Лучшее (16+)
**07.00, 09.00** Новости
**07.05, 10.40, 11.35, 12.30, 13.25, 16.00, 18.30, 23.20** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** М/с «Команда МАТЧ» (0+)
**09.25** «Формула-1. Гаснут огни» (12+)
**09.55** Хоккей. «Сибирь» (Новосибирская область) - «Динамо» (Минск). КХЛ. Чемпионат 3х3. Прямая трансляция
**10.50** Хоккей. «Сибирь» (Новосибирская область) - «Металлург» (Магнитогорск). КХЛ. Чемпионат 3х3. Прямая трансляция
**11.45** Хоккей. «Салават Юлаев» (Уфа) - «Динамо» (Минск). КХЛ. Чемпионат 3х3. Прямая трансляция
**12.40** Хоккей. «Салават Юлаев» (Уфа) - «Металлург» (Магнитогорск). КХЛ. Чемпионат 3х3. Прямая трансляция
**13.55** Футзал. «Ухта» - «Газпром-Югра» (Югорск). Бетсити. Суперлига. Финал. Прямая трансляция
**17.00** Бильярд. Кубок мира. Комбинированная пирамида. Мужчины. 1/2 финала. Прямая трансляция из Ставрополя
**19.00** Бильярд. Кубок мира. Комбинированная пирамида. Мужчины. 1/2 финала. Прямая трансляция из Ставрополя
**20.30** Смешанные единоборства. ACA. Прямая трансляция из Сириуса
**00.30** Д/ф «Куртуа. Возвращение» (12+)

## Тхьэмахуэ, мэкъуауэгъуэм и 29

### Первый канал

**06.00, 10.00, 12.00** Новости
**06.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**06.40** Играй, гармонь любимая! (12+)
**07.25** «Здоровье» (16+)
**08.30** «Золотая коллекция «Союзмультфильма» (0+)
**09.10** «Непутевые заметки» (12+)
**09.30** «Мечталлион». Национальная лотерея (12+)
**10.15** «Жизнь других» (12+)
**11.05** «Повара на колесах» (12+)
**12.15** «Будем жить!» (16+)
**13.15** Д/ф «Арсеньев и Дерсу. Русские сны Акиры Куросавы» (12+)
**14.15** Х/ф «ДЕРСУ УЗАЛА». К 50-летию фильма Акиры Куросавы» (16+)
**17.00** Д/ф «Видишь ли, Юрий...» К 90-летию со дня рождения Юрия Соломина» (12+)
**18.00** Вечерние новости
**19.00** «Перепой звезду» (12+)
**21.00** «Время»
**23.00** Т/с «ТАНГО НА ОСКОЛКАХ» (16+)
**23.35** Т/с «ТРИГГЕР» (16+)
**00.35** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### Россия 1

**05.25** Х/ф «СТО ЛЕТ ТОМУ ВПЕРЕД» (16+)
**08.00** Местное время. Воскресенье
**08.35** «Когда все дома с Тимуром Кизяковым»
**09.25** Утренняя почта с Николаем Басковым
**10.10** Сто к одному
**11.00, 14.00, 17.00** Вести
**11.30** «Наши. Военкоры» (12+)
**12.00** «Доктор Мясников» (12+)
**13.00** Судьба человека с Борисом Корчевниковым (12+)
**14.30** Вести. Местное время
**15.00** «Парад юмора» (16+)
**17.50** «Песни от всей души» (12+)
**20.00** Вести недели
**22.30** Москва. Кремль. Путин
**23.00** Воскресный вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**01.35** Д/ф «Парад победителей» (12+)

### НТВ

**04.50** Х/ф «АФЕРИСТЫ» (16+)
**06.35** «Центральное телевидение» (16+)
**08.00, 10.00, 16.00** «Сегодня»
**08.20** «У нас выигрывают!» (12+)
**10.20** «Первая передача» (16+)
**11.00** «Чудо техники» (12+)
**12.00** «Дачный ответ» (0+)
**13.00** «НашПотребНадзор» (16+)
**14.00** «Однажды...» (16+)
**15.00** «Своя игра» (0+)
**16.20** ЧП. Расследование (16+)
**17.00** «Следствие вели...» (16+)
**19.00** Итоги недели
**20.20** «Секрет на миллион» (16+)
**22.20** «Звезды сошлись» (16+)
**23.55** «Маска» (12+)
**03.30** Х/ф «НАЙДИ МЕНЯ» (18+)

### Звезда

**05.00** Х/ф «ДРУЖБА ОСОБОГО НАЗНАЧЕНИЯ» (16+)
**06.50** Х/ф «ДЕЛО РУМЯНЦЕВА» (16+)
**09.00** Новости недели с Юрием Подкопаевым (16+)
**09.25** «Служу России» (12+)
**09.55** «Военная приемка» (12+)
**10.40** «Легенды армии с Александром Маршалом». Николай Крисанов (12+)
**11.30** Д/с «Москва фронту» (16+)
**12.00** «Война миров». «СССР-США. Битва на спортивных аренах» (16+)
**12.55** «Код доступа» (12+)
**13.50** «Улика из прошлого» (16+)
**14.45** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**15.35** Д/с «Секретные материалы» (16+)
**16.30** «Загадки века с Сергеем Медведевым». «Топаз» против НАТО» (12+)
**17.20** «Специальный репортаж. Что русскому смешно...» (16+)
**18.00** Главное с Ольгой Беловой (16+)
**19.40** Д/с «Легенды советского сыска» (16+)
**23.00** «Фетисов». Ток-шоу (12+)
**23.55** Х/ф «ХРОНИКА ПИКИРУЮЩЕГО БОМБАРДИРОВЩИКА» (16+)
**01.25** Х/ф «ПОХИЩЕНИЕ «САВОЙИ» (16+)

### Россия К

**06.30** М/ф «Сказка за сказкой». «Приключения Буратино»
**08.00** Х/ф «СМЕЛЫЕ ЛЮДИ» (16+)
**09.35** Д/ф «Роман в камне»
**10.05** Д/ф «Валерий Фрид и Юлий Дунский. Служили два товарища в одном большом кино»
**10.45** Х/ф «ШЕСТНАДЦАТАЯ ВЕСНА» (16+)
**12.10** Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
**12.35** Д/ф «Дорога к спасению. Операция «Дети»
**13.20** «Игра в бисер» с Игорем Волгиным
**14.00** Д/ф «Мастера хорового пения. Звучание души»
**15.00** Х/ф «БАЛЛАДА О ДОБЛЕСТНОМ РЫЦАРЕ АЙВЕНГО» (16+)
**16.30** «Картина мира с Михаилом Ковальчуком»
**17.10** Д/с «Первые в мире»
**17.30** «Пешком...»
**18.00** Д/ф «Андрей Дементьев. Все начинается с любви»
**18.45** Д/ф «Чистая Победа»
**19.30, 19.45** Новости культуры
**20.25** Х/ф «ВРЕМЯ ДЛЯ РАЗМЫШЛЕНИЙ» (16+)
**21.35** Опера «Джалиль»
**23.25** Х/ф «ДОБРО ПОЖАЛОВАТЬ, ИЛИ ПОСТОРОННИМ ВХОД ВОСПРЕЩЕН» (16+)
**00.40** Д/ф «Добро пожаловать, или Посторонним вход воспрещен». Без сюрпризов не можете?!»
**01.25** Д/с «Искатели»

### Матч!

**06.00** Смешанные единоборства. И. Топурия - Ч. Оливейра. П. Коста - Р. Копылов. UFC. Прямая трансляция из США
**08.00, 09.00** Новости
**08.05, 10.40, 11.35, 12.30, 17.00, 23.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** Д/с «Чемпионы» (6+)
**09.25** География спорта (12+)
**09.55** Хоккей. «Динамо» (Минск) - «Металлург» (Магнитогорск). КХЛ. Чемпионат 3х3. Прямая трансляция
**10.50** Хоккей. «Салават Юлаев» (Уфа) - «Сибирь» (Новосибирская область). КХЛ. Чемпионат 3х3. Прямая трансляция
**11.45** Хоккей. КХЛ. Чемпионат 3х3. Суперигра. Прямая трансляция
**12.55** Регби. Матч звезд сборной России. Прямая трансляция из Красноярска
**14.55** Пляжный волейбол. Кубок России. Прямая трансляция из Зеленоградска
**17.50** Смешанные единоборства. И. Топурия - Ч. Оливейра. П. Коста - Р. Копылов. UFC. Трансляция из США (16+)
**18.55** Футбол. «Зенит» (Россия) - «Црвена Звезда» (Сербия). Winline. Суперсерия. Прямая трансляция из Сочи
**21.00** Бильярд. Кубок мира. Комбинированная пирамида. Мужчины. Финал. Прямая трансляция из Ставрополя
**00.00** Бокс. К. Тирни - Д. Кристи. Bare Knuckle FC. Трансляция из Великобритании (16+)
**02.00** Регби. Матч звезд сборной России. Трансляция из Красноярска (12+)
**04.00** Новости (0+)
**04.05** Футбол. «Зенит» (Россия) - «Црвена Звезда» (Сербия). Winline. Суперсерия. Трансляция из Сочи (6+)

### ОТР

**Блыщхьэ, мэкъуауэгъуэм и 23**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Iуащхьэмахуэрэ Къазбэчрэ деж» (12+)
**6.30** «Фэеплъ». Хэку зауэшхуэм хэта Юсупов Абдул-Самат (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «НАТО». ГущIэгъуншагъэм и тхыдэ (12+)
**7.25** «ТщIэн икIи тщымыгъупщэн папщIэ». МВД-м и ветеран, тхакIуэ, тхыдэдж Шипилов В. (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Щытхъу зиIэ дохутыр» (12+)
**8.45** «Дэ дыпсэун икIи ди гум илъын хуейщ» (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Пхъумрэ мылъхупхъумрэ». СабийхэмпапщIэ спектакль (6+)
**17.25** ЩIалэгъуалэ нэтын (12+)
**17.50** «Тхыдэ кIапэр зэпычынкъым». КъБР-м и МВД-м и тхыдэ музейр илъэсипщI щрикъум ирихьэлIэу (12+)
**18.25** «Ракурс». Янин Александр и гъэлъэгъуэныгъэ. Владикавказ къалэ (12+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Гъубж, мэкъуауэгъуэм и 24**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
6.I0 «Жьым нэхърэ нэхъ псынщIэу» (12+)
**6.25** «Тхыдэ кIапэр зэпычынкъым». КъБР-м и МВД-м и тхыдэ музейр илъэсипщI щрикъум ирихьэлIэу (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Къэбэрдей-Балъкъэрым фрегъэблагъэ» (12+)
**7.15** ЩIалэгъуалэ нэтын (12+)
**7.40** «Ракурс». Янин Александр и гъэлъэгъуэныгъэ. Владикавказ къалэ (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Шэджэм лэкъумхэр». Телевизионнэ фильм (12+)
**8.50** «Пхъумрэ мылъхупхъумрэ». СабийхэмпапщIэ спектакль (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Танзиля». Документальнэ фильм (12+)
**17.20** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**17.35** «ТВ-галерея». УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, актер, режиссёр, къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ Фырэ Руслан и фэеплъу (12+)
**18.15** «Парламентым и сыхьэт» (12+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Бэрэжьей, мэкъуауэгъуэм и 25**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Парламентым и сыхьэт» (12+)
**6.40** «Телефон, интернет гъэпцIакIуэхэр» (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**7.25** «ТВ-галерея». УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, актер, режиссёр, къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ Фырэ Руслан и фэеплъу (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Балигъ упщIэ». Актёр, уэрэджыIакIуэ Теунэ Дж. (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** Гъуазджэм теухуауэ (12+)
**17.25** «Бынхэмрэ адэ-анэхэмрэ» (12+)
**18.00** «Зэманымрэ цIыхумрэ». Педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Байчекуевэ Нинэ (12+)
**18.35** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Махуэку, мэкъуауэгъуэм и 26**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**6.20** «КъэкIуэнур - нобэм». Философие щIэныгъэхэмкIэ доктор Щауэ Асфар (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Къэбэрдей-Балъкъэрым и дыщэ вагъуэхэр». Совет Союзым и ЛIыхъужь Атаманчук Г. (12+)
**7.25** «Зэманымрэ цIыхумрэ». Педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Байчекуевэ Нинэ. (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Бынхэмрэ адэ-анэхэмрэ» (12+)
**8.45** Гъуазджэм теухуауэ (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «ПщIэну щхьэпэщ» (12+)
**17.45** «Щэнхабзэр Донбассым дэIэпыкъуу». ПсапащIэ концерт. Япэ Iыхьэ (12+)
**18.35** «02» къулыкъущIапIэм хъыбар фегъащIэ» (16+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Мэрем, мэкъуауэгъуэм и 27**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «02» къулыкъущIапIэм хъыбар фегъащIэ» (16+)
**6.20** «ЩIэныгъэм къыщехъулIахэр». УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Хъурей Арсен къызэралъхурэ илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Си ЩоджэнцIыкIу Алий» (12+)
**7.25** «ПщIэну щхьэпэщ» (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Щэнхабзэр Донбассым дэIэпыкъуу». ПсапащIэ концерт. Япэ Iыхьэ (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Удэзыхьэх Iуэхухэм я клуб» (6+)
**17.40** «Дэ дыпсэун икIи ди гум илъын хуейщ» (12+)
**17.50** «Щэнхабзэр Донбассым дэIэпыкъуу». ПсапащIэ концерт. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Щэбэт, мэкъуауэгъуэм и 28**

**6.00** «Спортым къыхэжаныкIахэр». УФ-м дзюдомкIэ и чемпион Джэданэ Залым (12+)
**6.50** «Дэ дыпсэун икIи ди гум илъын хуейщ» (12+)
**7.00** «Телъыджэр - гъунэгъущ». Пщыгъуэш Тимур (12+)
**7.35** «ГъащIэ къущIитар IуэхуфI блэжьын папщIэщ» (12+)
**8.05** «Щэнхабзэр Донбассым дэIэпыкъуу». ПсапащIэ концерт. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
**17.00** «Усэхэр зэрыт дэфтэр». Къэшэж Иннэ. Япэ нэтын (12+)
**17.15** «Зэгъусэу уэрэд жыдоIэ» (12+)
**18.25** «КъэкIуэнур нобэрей махуэм пыщIащ». Абхъазым щIэныгъэхэмкIэ и академием и президент Джапуа Зураб (12+)

**Тхьэмахуэ, мэкъуауэгъуэм и 29**

**6.00** «ЩIэплъыпIэ» (12+)
**6.30** «КъэкIуэнур нобэрей махуэм пыщIащ». Абхъазым щIэныгъэхэмкIэ и академием и президент Джапуа Зураб (12+)
**7.00** «И жизнь, и слёзы, и любовь». Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и спектакль. Япэ Iыхьэ (12+)
**8.10** Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и артист Быщт Азэмэт и концерт. Япэ Iыхьэ (12+)
**17.00** «Нотэ нэжэгужэхэр» (12+)
**17.45** «Усэхэр зэрыт дэфтэр». Къэшэж Иннэ. ЕтIуанэ нэтын (12+)
**18.00** «Спектр». КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Бэрэгъун Руслан (12+)
**18.30** «Республикэ: тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (16+)

# КъБР-м и РАДИО

**Блыщхьэ, мэкъуауэгъуэм и 23**

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкӀэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкӀэ)
1.35 - «Фэр папщӀэ» (адыгэбзэкӀэ)
2.00 - «Ди зэӀущӀапӀэм» (адыгэбзэкӀэ)
2.30 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкӀэ)
3.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкӀэ)
4.00 - «Жырхана» (балъкъэрыбзэкӀэ)
5.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкӀэ)
6.35 - «ПщӀэнущ щхьэпэщ» (урысыбзэкӀэ) (12+)
6.45 - 7.00 «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкӀэ) (12+)

*«ХъыбарыщӀэхэр» (адыгэбзэкӀэ):*
*7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщӀэхэр» (балъкъэрыбзэкӀэ):*
*7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщӀэхэр» (урысыбзэкӀэ):*
*7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

7.15 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
7.45 - «Узыншагъэ» (адыгэбзэкӀэ) (12+)
8.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
8.20 - «Билимни дуниясы» (балъкъэрыбзэкӀэ) (6+)
8.40 - «Псалъэмакъ щхьэпэ» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкӀэ) (16+)
9.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкӀэ)
10.05 - «ХьэщӀэщ» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
10.25 - «Фэр папщӀэ» (адыгэбзэкӀэ)
11.05 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
11.25 - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкӀэ)
11.48 - «Назму толкъунларында» (балъкъэрыбзэкӀэ) (12+)
12.05 - «КъехьэкӀ-нехьэкӀ зыхэмылъ псалъэмакъ» (урысыбзэкӀэ) (16+)
12.35 - «Дуней тетыкӀэ» (урысыбзэкӀэ) (16+)
13.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
13.35 - «Псалъэмакъ щхьэпэ» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
13.50 - «Узыншагъэ» (адыгэбзэкӀэ) (12+)
14.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
14.30 - «ГушыӀэпӀэ» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
15.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкӀэ) (16+)
15.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкӀэ)
16.05 - «ХьэщӀэщ» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
16.25 - «Фэр папщӀэ» (адыгэбзэкӀэ)
17.05 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
17.25 - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкӀэ)
17.48 - «Назму толкъунларында» (балъкъэрыбзэкӀэ) (12+)
18.05 - «КъехьэкӀ-нехьэкӀ зыхэмылъ псалъэмакъ» (урысыбзэкӀэ) (16+)
18.35 - «Дуней тетыкӀэ» (урысыбзэкӀэ) (16+)
19.05 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкӀэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкӀэ) (6+)
20.05 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкӀэ)
20.40 - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкӀэ) (12+)
21.05 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкӀэ)
21.35 - «ПщӀэнущ щхьэпэщ» (урысыбзэкӀэ) (12+)
21.45 - «Спортхъыбархэр» (урысыбзэкӀэ)
22.00 - «Ди зэӀущӀапӀэм» (адыгэбзэкӀэ)
22.35 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкӀэ)
23.00 - 24.00 «Жырхана» (балъкъэрыбзэкӀэ)

**Гъубж, мэкъуауэгъуэм и 24**

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкӀэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкӀэ)
1.30 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкӀэ)
2.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкӀэ)
2.30 - «ГушыӀэпӀэ» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
3.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкӀэ)
3.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкӀэ)
4.00 - «Фэр папщӀэ» (адыгэбзэкӀэ)
5.00 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
5.25 - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкӀэ)
6.00 - 7.00 Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкӀэ)

*«ХъыбарыщӀэхэр» (адыгэбзэкӀэ):*
*7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщӀэхэр» (балъкъэрыбзэкӀэ):*
*7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщӀэхэр» (урысыбзэкӀэ):*
*7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

7.15 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
7.45 - «Гукъинэ» (адыгэбзэкӀэ) (12+)
8.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
8.20 - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкӀэ)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкӀэ) (16+)
9.20 - «Гукъыдэж» (урысыбзэкӀэ) (12+)
10.05 - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкӀэ)
10.50 - «Лъэпкъ Ӏущыгъэ» (адыгэбзэкӀэ) (6+)
11.05 - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкӀэ)
11.30 - «Миллет хазнабызда» (балъкъэрыбзэкӀэ) (12+)
12.05 - «Интервал QT» (урысыбзэкӀэ) (16+)
12.25 - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкӀэ) (6+)
12.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкӀэ) (6+)
13.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
13.35 - «Гукъинэ» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
13.50 - «Лъэпкъ Ӏущыгъэ» (адыгэбзэкӀэ) (6+)
14.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
14.30 - «Фэр папщӀэ» (адыгэбзэкӀэ)
15.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкӀэ) (16+)
15.25 - «Гукъыдэж» (урысыбзэкӀэ) (12+)
16.05 - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкӀэ)
17.05 - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкӀэ)
17.35 - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкӀэ)
18.05 - «Интервал QT» (урысыбзэкӀэ) (16+)
18.25 - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкӀэ) (6+)
19.05 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкӀэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкӀэ) (6+)
20.05 - «Билимни дуниясы» (балъкъэрыбзэкӀэ)
20.25 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкӀэ).
21.05 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкӀэ)
21.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкӀэ)
22.00 - «ХьэщӀэщ» (адыгэбзэкӀэ)(16+)
22.30 - «ГушыӀэпӀэ» (адыгэбзэкӀэ)(16+)
23.00 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
23.25 - 24.00 «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкӀэ)

**Бэрэжьей, мэкъуауэгъуэм и 25**

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкӀэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкӀэ)
1.30 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкӀэ)
2.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкӀэ)
2.35 - «Фэр папщӀэ» (адыгэбзэкӀэ)
3.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкӀэ)
3.20 - «Гукъыдэж» (урысыбзэкӀэ) (12+)
4.00 - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкӀэ)
5.00 - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкӀэ)
5.30 - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкӀэ)
6.00 - 7.00 Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкӀэ)

*«ХъыбарыщӀэхэр» (адыгэбзэкӀэ):*
*7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщӀэхэр» (балъкъэрыбзэкӀэ):*
*7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщӀэхэр» (урысыбзэкӀэ):*
*7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

7.15 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
7.45 - «Сэтэней» (адыгэбзэкӀэ) (12+)
8.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
8.30 - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкӀэ) (6+)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкӀэ) (16+)
9.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкӀэ)
10.05 - «ЦӀыхумрэ гъащӀэмрэ» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
10.25 - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкӀэ)
11.05 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
11.30 - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкӀэ)
12.05 - «Гъуазджэм и щӀыналъэ» (урысыбзэкӀэ)
12.35 - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкӀэ)
13.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
13.35 - «Ди гъэтӀылъыгъэхэр» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
14.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
14.20 - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкӀэ) (6+)
14.40 - «Усыгъэ» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
14.50 - Къызэрыфэ пшыналъэхэр (адыгэбзэкӀэ)
15.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкӀэ) (16+)
15.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкӀэ)
16.05 - «Сэтэней» (адыгэбзэкӀэ) (12+)
16.20 - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкӀэ)
17.05 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
17.25 - «Салам алейкум» (урысыбзэкӀэ)
18.05 - «Гъуазджэм и щӀыналъэ» (урысыбзэкӀэ)
18.35 - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкӀэ)
19.05 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкӀэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкӀэ) (6+)
20.05 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкӀэ)
20.25 - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкӀэ)
21.05 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкӀэ)
21.25 - «Гукъыдэж» (урысыбзэкӀэ) (12+)
22.00 - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкӀэ)
23.00 - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкӀэ)
23.30 - 24.00 «Орайда» (балъкъэрыбзэкӀэ)

**Махуэку, мэкъуауэгъуэм и 26**

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкӀэ)
00.30 - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкӀэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкӀэ)
1.35 - «Ди гъэтӀылъыгъэхэр» (адыгэбзэкӀэ)
2.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкӀэ)
3.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкӀэ)
3.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкӀэ)
4.00 - «Усыгъэ» (адыгэбзэкӀэ)
4.10 - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкӀэ)
4.50 - Къызэрыфэ пшыналъэхэр (адыгэбзэкӀэ)
5.00 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
5.30 - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкӀэ)
6.00 - 7.00 Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкӀэ)

*«ХъыбарыщӀэхэр» (адыгэбзэкӀэ):*
*7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщӀэхэр» (балъкъэрыбзэкӀэ):*
*7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщӀэхэр» (урысыбзэкӀэ):*
*7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

7.15 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
7.45 - «Зэманым пэджэжу» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
8.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
8.20 - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкӀэ)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкӀэ) (16+)
9.20 - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкӀэ) (6+)
9.30 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкӀэ)
10.05 - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
10.15 - «ЕджапӀэ» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
10.20 - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкӀэ)
10.45 - «ПщӀэну щхьэпэщ» (адыгэбзэкӀэ) (6+)
11.05 - «Тейри къылыч» (балъкъэрыбзэкӀэ) (6+)
11.30 - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
12.05 - «КъыддекӀуэкӀ хабзэхэр» (урысыбзэкӀэ)
12.30 - «Макъамэм и толъкъунхэм» (урысыбзэкӀэ)
13.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
13.45 - «Зэманым пэджэжу» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
14.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
14.30 - «ЩӀалэгъуэ» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
15.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкӀэ) (16+)
15.25 - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкӀэ) (6+)
15.35 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкӀэ)
16.05 - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
16.15 - «ЕджапӀэ» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
16.20 - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкӀэ)
16.45 - «ПщӀэну щхьэпэщ» (адыгэбзэкӀэ) (6+)
17.05 - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкӀэ)
17.35 - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
18.05 - «КъыддекӀуэкӀ хабзэхэр» (урысыбзэкӀэ)
18.30 - «Макъамэм и толъкъунхэм» (урысыбзэкӀэ) (12+)
19.05 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкӀэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкӀэ) (6+)
20.05 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкӀэ)
20.25 - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкӀэ) (6+)
21.05 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкӀэ)
21.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкӀэ)
22.00 - «ЦӀыхумрэ гъащӀэмрэ» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
22.25 - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкӀэ)
23.00 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
23.30 - 24.00 «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкӀэ)

Мэрем, мэкъуауэгъуэм и 27

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкӀэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкӀэ)
1.30 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкӀэ)
2.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкӀэ)
3.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкӀэ)
4.00 - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
4.10 - «ЕджапӀэ» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
4.30 - «ЩӀалэгъуэ» (адыгэбзэкӀэ)
5.00 - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкӀэ)
5.30 - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
6.00 - 7.00 Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкӀэ)

*«ХъыбарыщӀэхэр» (адыгэбзэкӀэ):*
*7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщӀэхэр» (балъкъэрыбзэкӀэ):*
*7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщӀэхэр» (урысыбзэкӀэ):*
*7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

7.15 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
7.45 - «Динымрэ гъащӀэмрэ» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
7.50 - «ӀэщӀагъэ» (адыгэбзэкӀэ) (12+)
8.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
8.20 - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкӀэ) (6+)
8.35 - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкӀэ)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкӀэ) (16+)
9.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкӀэ)
10.05 - «ГъащӀэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
10.25 - «Прозэм и напэкӀуэцӀхэр» (адыгэбзэкӀэ)
10.45 - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкӀэ) (6+)
11.05 - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
11.20 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
11.45 - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкӀэ) (12+)
12.05 - «Гъуазджэм и щӀыналъэ» (урысыбзэкӀэ)
12.35 - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкӀэ) (6+)
12.50 - «Тхыдэ уахътыншэхэр» (урысыбзэкӀэ) (12+)
13.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
13.45 - «Динымрэ гъащӀэмрэ» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
13.50 - «ӀэщӀагъэ» (адыгэбзэкӀэ)(12+)
14.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
14.30 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкӀэ)
15.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкӀэ) (16+)
15.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкӀэ)
16.05 - «Прозэм и напэкӀуэцӀхэр» (адыгэбзэкӀэ)
16.45 - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкӀэ) (6+)
17.05 - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
17.20 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
17.45 - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкӀэ) (12+)
18.05 - «Гъуазджэм и щӀыналъэ» (урысыбзэкӀэ)
18.35 - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкӀэ) (6+)
18.50 - «Тхыдэ уахътыншэхэр» (урысыбзэкӀэ) (12+)
19.05 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкӀэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкӀэ) (6+)
20.05 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкӀэ)
20.25 - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкӀэ)
21.05 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкӀэ)
21.30 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкӀэ)
22.00 - «ЩӀалэгъуэ» (адыгэбзэкӀэ)
22.35 - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкӀэ)
23.00 - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
23.25 - 24.00 «Орайда» (балъкъэрыбзэкӀэ)

**Щэбэт, мэкъуауэгъуэм и 28**

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкӀэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкӀэ)
1.30 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкӀэ)
2.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкӀэ)
2.30 - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкӀэ)
3.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкӀэ)
3.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкӀэ)
4.00 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкӀэ)
5.00 - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
5.10 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкӀэ)
5.30 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкӀэ)
6.00 - 7.00 Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкӀэ)
7.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
7.38 - «Лъэпкъым и фӀыгъуэхэр» (адыгэбзэкӀэ)
8.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
8.25 - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкӀэ)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкӀэ) (16+)
9.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкӀэ) (12+)
9.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкӀэ)
10.00 - «ГъащӀэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
10.20 - «Уэрэдымрэ абы и тхыдэмрэ» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
10.50 - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкӀэ) (12+)
11.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
11.21 - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкӀэ) (6+)
11.30 - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкӀэ)
12.00 - «Гукъыдэж» (урысыбзэкӀэ) (12+)
12.44 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкӀэ) (12+)
13.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
13.38 - «Лъэпкъым и фӀыгъуэхэр» (адыгэбзэкӀэ)
14.00 - «Утыку» (адыгэбзэкӀэ)
14.50 - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкӀэ) (12+)
15.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
15.25 - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкӀэ)
16.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
16.21 - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкӀэ) (6+)
16.30 - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкӀэ)
17.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкӀэ) (16+)
17.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкӀэ) (12+)
17.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкӀэ)
18.00 - «Гукъыдэж» (урысыбзэкӀэ) (12+)
18.44 - «Спортхъыбархэр» (урысыбзэкӀэ)
19.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкӀэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкӀэ) (6+)
20.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкӀэ)
20.20 - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкӀэ) (6+)
20.35 - «Таумакъамла» (балъкъэрыбзэкӀэ)
21.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкӀэ)
21.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкӀэ)
22.00 - «Прозэм и напэкӀуэцӀхэр» (адыгэбзэкӀэ)
22.30 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкӀэ)
23.00 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
23.20 - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкӀэ) (12+)
23.30 - 24.00 «Орайда» (балъкъэрыбзэкӀэ)

**Тхьэмахуэ, мэкъуауэгъуэм и 29**

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкӀэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкӀэ)
1.38 - «Лъэпкъым и фӀыгъуэхэр» (адыгэбзэкӀэ)
2.00 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкӀэ)
3.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкӀэ)
3.25 - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкӀэ)
4.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
4.30 - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкӀэ)
5.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкӀэ)
5.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкӀэ)
5.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкӀэ)
6.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкӀэ)
6.44 - 7.00 «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкӀэ) (12+)

*«ХъыбарыщӀэхэр».*
*Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00*
*«ХъыбарыщӀэхэр».*
*Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00*
*«ХъыбарыщӀэхэр».*
*Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00*

7.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
7.40 - «Фэр папщӀэ» (адыгэбзэкӀэ)
8.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
8.45 - «Назму толкъунларында» (балъкъэрыбзэкӀэ) (12+)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкӀэ) (16+)
9.35 - «ПщӀэну щхьэпэщ» (урысыбзэкӀэ) (12+)
9.45 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкӀэ) (12+)
10.10 - «Макъамэ» (адыгэбзэкӀэ)
10.40 - «Дерс» (адыгэбзэкӀэ) (12+)
11.00 - «Сахна» (балъкъэрыбзэкӀэ)
12.10 - «Театрыр микрофоным Ӏутщ» (урысыбзэкӀэ)
13.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкӀэ) (16+)
13.35 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкӀэ)
14.10 - «Макъамэ» (адыгэбзэкӀэ)
14.40 - «Фэр папщӀэ» (адыгэбзэкӀэ)
15.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
15.40 - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкӀэ) (12+)
16.00 - «Сахна» (балъкъэрыбзэкӀэ)
17.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкӀэ) (16+)
17.40 - «ПщӀэну щхьэпэщ» (урысыбзэкӀэ)
17.50 - «Спортхъыбархэр» (урысыбзэкӀэ)
18.00 - «Театрыр микрофоным Ӏутщ» (урысыбзэкӀэ)
19.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкӀэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкӀэ) (6+)
20.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкӀэ)
20.25 - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкӀэ)
21.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкӀэ)
21.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкӀэ) (12+)
21.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкӀэ)
22.00 - «Утыку» (адыгэбзэкӀэ)
23.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкӀэ) (16+)
23.30 - 24.00 «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкӀэ)

## Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

# Малъхъэдис

**Зыгъэхьэзырар НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ**

● Фщlэн папщlэ

## Зэзыр сэбэпщ

Джэдкъазым и зэзыр зрагъэшхыр балигъ хъуа цlыхурщ. Сабийм lуагъахуэртэкъым, и кlуэцlыр исынущ жаlэрти. Джэдкъаз яукlам и кlуэцlыр кърахa нэужь, зэзыр къыкlэрагъэжырти, ямыгъэныщкlуу, зэрыхуабэу ирагъэлъэтэхырт. Ар зи хущхъуэгъуэр шхалъэ уз зиlэхэрщ, зи лъатэм цlынагъэ (язвэ) хъуахэрщ. Къищынэмыщlауэ, джэдкъазым и зэз цlынэр зи жьэжьейм мывэ, пшахъуэ ирищlа цlыхухэм сэбэп яхуохъу, ахэр гъутхьэпсым хэлъу къапкърокlыж, уеблэмэ мывэр егъэщащэри къадохыж.

Зэз цlынэр зыхуемыгъэлъэтэххэм ящlэращ: ар якъутэри стэчаным иракlэ, нэхъ гурыхь хъун щхьэкlэ фо хакlэри хагъэзэрыхь, зы шей бжэмышх изурэ махуэм щэ яшх, шхэным сыхьэт ныкъуэ иlэжу. Апхуэдэу зэпамыгъэууэ яшхмэ, сымаджэр тхьэмахуэ зы-тlум хъужын хуейщ. Къимыдэкlэ, зэз якъутар абджым иракlэ, фо халъхьэ, зэlащlэри и щхьэр тепlауэ кlыфlыпlэ-щlыlэпlэм щагъэт махуищ-плlыкlэ, нэхъ зэхэшыпсыхьын щхьэкlэ. Зэзыр зыхэшыпсыхьа фор бэгам, шын хъуам щахуэмэ егъэхъуж.

## Бжьыныр хущхъуэщ

Шэрджэс бжьын хужьыр зи хущхъуэгъуэр: бжьын укъэбзар цlыкlу-цlыкlуу яупщlатэ, шатэпсым хакlутэри, лыбжьэным намыгъэсу хэтlэтlыхьыхукlэ ягъавэ. Ар хужь-хужьу щытын хуейщ. Итlанэ, зэlащlэурэ гуэдз хьэжыгъэ тlэкlу хакlутэри ягъавэ, мырамысэ пlащlэм хуэдэ хъуху.

Апхуэдэу гъэва бжьыныр хьэкум къытрахри, щlыфэм хуэшэчын хуэдэу ягъэупщlыlу. Итlанэ шын зрищlа щlыпlэм деж траупlэ мыпlащlэ дыдэуи, хъыдан къабзэкlэ, хуабэ гуэр щlэлъу япхэж. Бжьыным шыныр кърегъэкl, къегъэкъабзэ. Къищынэмыщlауэ, жьэгъу уз зиlэхэми бжьын гъэвар къагъэсэбэпу щытащ. Узым бжьыныр тралъхьэрт, япхэжырти хъужауэ нэху къекlырт. Зы жэщым мыхъужмэ, тlэу-щэ къытрагъэзэжырт, ауэ ущызэlэзэ зэманым кърибыдэу псы щlыlэ, шагъыр, сыр-пщтыр lей пlухуэ хъунукъым.

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***

● Таурыхъ

## Дыгъужьыр, хьэр, бажэр



Зы бажэ ижьырабгъумкlи сэмэгурабгъумкlи зиплъыхьу гъуэгум тетурэ, жыжьэ дыдэу зы фlыцlагъэ къилъэгъуащ. Нэхъ гъунэгъуlуэ зыхуищlу еплъмэ - зы дыгъужь зэрамыщlэжрэ зы хьэ абрагъуэрэ зэгъусэу къокlуэ. Бажэм апхуэдэу щилъагъум, екlуалlэри сэлам ярихащ. Сэламым иужькlэ:

«Ныбжьырей фи биигъэр благъагъэкlэ зэрызэфхъуэкlыжар гуапэ сщохъу, ауэ мы фи благъагъэр къызыхэкlар сщlащэрэт?», - яжриlащ.

«Армэ, къэдаlуэ мыдэ, - жиlащ хьэм. - Мы си гъусэу нобэ плъагъу дыгъужьыр дыгъуасэ ди мэл хъушэм къахыхьэри, зы щынэ ирихьэжьащ. Сэри ар къыщезгъэнэжыну сыкlэлъыжащ. Арщхьэкlэ сыщlэмыхьэфу къэзгъэзэжащ. Абдежым мэлыхъуэр лажьэ симыlэу къызэуащ. Сэри езым и биижь и бий дыдэм нэlуасэ зыхуэсщlащ».

**БЫРСЕЙ Умар.**

● Шхыныгъуэхэр

# ШатэкIэ гъэбэкхъа кIэртIофыщIэ

КlэртIоф укъэбзар хъурей пlащlэ цlыкlуурэ яупщlатэ, шыгъу тракlутэ, фlыуэ зэlащlэри, сантиметри 5 - 6 и lувагъыу тебэм иралъхьэ. Абы цlыкlу-цlыкlуу упщlэта бжьын цlынэ, шыбжий плъыжь хьэжа тракlутэ, псы щlыlэ тlэкlу тракlэжри, и щхьэр тепlауэ дакъикъи 10 - 12-кlэ ягъавэ, псыр щlэвэщlэху. Итlанэ шатэ щlакlэри, мафlэ цlыкlу дыдэм тету дакъикъи 8 - 10-кlэ и щхьэр тепlауэ ягъэбэкхъ. Хьэзыр мэхъу щыжаlэм, шыбжий сыр хьэжа трагъэщащэ, джэдгын цlынэ къудамэ зыщыплl тралъхьэжри, тебащхьэр тепlауэ дакъикъи 3 - 4-кlэ щагъэтщ, мэ дахэ къыхихын щхьэкlэ. КlэртIофыр зэхэпIытIауэ щытын хуейкъым. Iэнэм щытрагъэувэкlэ, джэдгын къудамэхэр къытрахыж. Ар пщтыру яшх, пlастэ, чыржын, мэжаджэ е щlакхъуэ и гъусэу.

*Халъхьэхэр (зы цlыху lыхьэ):*
кlэртlофыщlэ укъэбзауэ - грамм 275-рэ, псы щlыlэу - грамм 50, шатэу - грамми 100, бжьын цlынэу - грамм 20, джэдгын къудамэу - 3-4, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**



● Фыщыгъуазэ?

## Шым ехьэлlащ



Адыгэм и цlэр дуней къызэрыщацlыхухэм ящыщщ адыгэшыр. Ар ди лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ ныбжьэгъуфl пэлъытэу къыдогъуэгурыкlуэ. Шыхэр я лъэпкъкlи, я ныбжькlи зэщхьэщокl, дэтхэнэми езым и цlэ иlэжу. Ди гуапэщ абы фыщыдгъэгъуэзэну.

**Абыкъу** - адыгэ шы лъэпкъыфl.

**Алъп** - къаруушхуэ, жагъэшхуэ зиlэ, Нарт пшыналъэхэм хэтщ.

**Дунажын** - илъэсиплl зи ныбжь шыбз.

**Дунан** - илъэсиплl зи ныбжь хакlуэ.

**Жэрыщты** - адыгэш лъэпкъ.

**Хуарэ** - адыгэш къабзэ.

**Шагъдий** - адыгэшхэм я нэхъыфl.

**Къунажын** - илъэсищым ит шыбз мыгъасэ.

# Псалъэзэблэдз

***Екlуэкlыу:*** **1**. Чы- ... бжыхь. **3**. Дагъыстэн лъэпкъ. Язынықъуэхэр адыгэ хъужауэ, абы ящыщ щэ бжыгъэхэр щопсэу Къэбэрдей-Балъкъэрым. **5**. Гъущl куэбжэ зиlэ гъущl ... щощlэ. **8**. Жэмтхьэлэ къыщыхъуа адыгэ генерал. **10**. Ди гъунэгъур пщlэшхуэ зыхуащl, ... ин зиlэ цlыхущ. **11**. Гъущl быдэ. **12**. Пасэрей lэщэ зэрыпыджэ. **13**. Дзапэ ... **15**. lэпхъуамбапщэм и кlыхьагъым хуэдиз щапхъэ. **16**. Уафэм къех псыlэгъэ.

***Къехыу:*** **1**. Гъатхэпэ мазэм икlэхэм дунейр щlыlэ къыщыхъужкlэ апхуэдэу йоджэ. **2**. Цlыху пlащэ, пшэр. **3**. Уэх е кууэ псым диха щlыпlэ. **4**. Мэзым, губгъуэхэм къыщыкl пхъэщхьэмыщхьэ. **6**. Мэкъу пыупщlа сатыр. **7**. Къэрэгъэш къуажэм къыщыхъуа адыгэ щlалэ, Урысейм и Лlыхъужь. **9**. lэщым хузэхащlэ lус. **10**. Щlым гъуэ куу щызыщl, хьэпlацlэхэр зи шхыныгъуэ псэущхьэ цlыкlу. **13**. Уафэм къех мыл тыкъыр цlыкlу. **14**. Нартыху хъумапlэ.

*Зэхэзылъхьар* **САУТ СулътIанщ**.

| | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | 2 | | | | 3 | | | 4 |
| | ■ | ■ | 5 | 6 | | 7 | | ■ | ■ | |
| 8 | | 9 | ■ | | ■ | | ■ | 10 | | |
| | ■ | | ■ | | ■ | | ■ | | ■ | |
| | ■ | | ■ | | ■ | | ■ | | ■ | |
| 11 | | | ■ | | ■ | | ■ | 12 | | |
| | ■ | ■ | 13 | | | | 14 | ■ | ■ | |
| 15 | | | | | | | 16 | | | |

***Мэкъуауэгъуэм и 12-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***Екlуэкlыу:*** **1**. lуданэ. **6**. Бжэн. **7**. Санэ. **8**. Еуэ. **9**. Аргъуей. **11**. Гъуабжэ. **13**. Тэмакъ. **16**. lэлъын. **18**. Афэ. **19**. Брам. **20**. Пащlэ. **21**. Благъуэ.
***Къехыу:*** **2**. Дуней. **3**. Нысэгъу. **4**. Бжэгъу. **5**. Енэб. **10**. Екъуа. **12**. Адэ. **14**. Морэ. **15**. Къамыл. **16**. lэпэгъу. **17**. Лъащlэ.

● Псалъэжьхэр

# Лэгъупыр нэкlэ къегъавэ

**♦Зыхуащlэ нэхърэ зыщlэф.**
**♦Къуалэр лы щигъуэтым щохуарзэ, уэркъыжьыр былым щигъуэтым щопсых.**
**♦Кlэкъинэ lэфlщ.**
**♦Лэгъупыр нэкlэ къегъавэ.**
**♦Хамэ ущие тхьэмахуэщ, хабзэ хьэху махуищщ.**
**♦Нэм и узыр нахуэщи, гум и узыр щэхущ.**
**♦Бгъэплъыщэмэ, мывэри зэгуоуд.**
**♦Бжэн щынэ къилъхуркъым.**
**♦Бзум и лым хуэдэщ и лэпсри.**
**♦Дунейр шэрхъщи мэкlэрахъуэ.**
**♦Ныбжьэгъугъэмрэ къуэшыгъэмрэ сыт хуэдэ къулеигъэм нэхъри нэхъ лъапlэщ.**
**♦Зэгурыlуэ здэщыlэм берычэти щыlэщ.**
**♦Гъуэгу нэшэкъашэм жыжьэ унигъэсынукъым.**
**♦Ущизакъуэм и деж гъуэгури кlыхьщ.**
**♦Пшэ зытемылъ уафэм уэшх къехыркъым, нэщхъеягъуэ зыщlэмылъ нэхэм нэпс къащlэкlыркъым.**
**♦Дэтхэнэ цlыху lущри къызэрыгуэкlщ.**
**♦Куэдыр пудщ, мащlэр лъапlэщ.**
**♦Щlакхъуэр пудщ ахъшэ ущиlэм деж.**

# ЩІалэгъуалэ зэчиифІэ тхуегъасэ

● Щэнхабзэ

**Бахъсэн районым хыхьэ ХьэтІохъущыкъуей къуажэм дэт Щэнхабзэмкlэ унэм щекlуэкlащ концерт дахэ. Дунейпсо арткомитетым лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм къахэкlа щlалэгъуалэ зэчиифІэхэм зыщlэгъэкъуэнымкlэ и къудамэм хэт, ПщыхьэщІэ Мухьэжыр и цlэр зезыхьэ пшынауэ гупым утыку кърихьащ илъэсым къриубыдэу и Іэ къызыпекlуэкlа лэжьыгъэр, игъэзэщІа макъамэхэмрэ пшыналъэхэмрэ.**



ПШЫХЬЫМ щыІуащ макъамэ 29-рэ. НыбжьыщІэхэр пшынэ еуэу уэрэд зыбжанэ жаlащ артист цlэрыlуэхэу Зеущэ Іэуесрэ ШыкlэбахъуэИслъамрэ. КъекlуэлІахэм ямыгъэщlэгъуэн ялъэкlакъым сабийхэм я зэфlэкlыр, нотэхэр къабзэ дыдэу, щыуагъэншэу къызэращтэр, утыку итыкlэм и щэху псори ящlэу екlуу зэрызаlыгъыр. Гупым и гъэсакlуэщ Дунейпсо арткомитетым «Дахагъэмрэ гуапагъэмрэ дунейр яхъумэнущ», «Си гур сабийхэм тыгъэ яхузощl» и дипломхэмрэ дамыгъэхэмрэ зыхуагъэфэща, щlэблэр щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ щlэпlыкlыным зигури зи псэри езыт гъэсакlуэ Іэзэ, концертыр щызэхэта lуэхущlапlэм и лэжьакlуэ емызэшыж Бэч Іэсият.

СтІол кlыхьхэм телъ т Іэсият зэман зэхуэмыдэхэм кърата щlыхь, щытхъу, фlыщlэ тхылъхэр, дамыгъэ лъапlэхэр. Удз гъэгъакlэ дахэу гъэщlэрэщlа утыкум адыгэ фащэр екlуу зыщыгъ сабийхэр къыщихьэкlэ, пшынэр ягъэбзэрэбзэн щыщlадзэкlэ, укъытриlэтыкlыу укъызыхэкlа лъэпкъым уригушхуэрт...

Пшыхьми, сабий зэчиифlэхэми, абыхэм цlыхухэм ират гухэхъуэми тхыгъэ щхьэхуэ тебухуэфынущ, шэч хэмылъу. Зэрыжытlащи, уахьэхуу, уагъэгушхуэу, гугъэзагъэу къыхаха Іэщlагъэм пэрыт дэтхэнэ зы ныбжьыщlэми хъуэхъуу щыlэм я нэхъ дахэмрэ псалъэу хъуам я нэхъ гуапэмрэ яхуэфащэщ. Хущlемыгъуэжу лъэпкъым хуэлэжьэн, ар зыгъэлъэпlэн, и пщlэр къэзыlэтын дэтхэнэри хъуну ди гуапэщ.

А псор зи фlыгъэ, лъагъуэ дахэу хишам щlалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ тезыгъэувэ Іэсият и зэфlэкlыр куэдым ящlэ, ди республикэми гъунэгъу щlыналъэхэми къызэрыщацlыхум дыщыгъуазэщ. Си гуапэщ нэхъ гъунэгъуу ди газетеджэхэми ар едгъэцlыхумэ.

Бэч Іэсият 1953 гъэм Бахъсэн Ищхъэрэм и Горнэ къуажэм (иужькlэ Тырныауз зыфlащыжам) щыпсэу творческэ унагъуэм къыщалъхуащ. Абы и адэанэр илъэс 33-кlэ Тырныауз къалэм Щэнхабзэмкlэ унэм щылэжьащ - и адэр лъэпкъ къафэмкlэ ансамблым и балетмейстеру, и анэр абыхэм я пшынауэу. Іэсият абыхэм я лъагъуэм ирикlуащ, япэщlыкlэ педагогикэ училищэр, иужькlэ Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкlэ колледжыр ехъулlэныгъэкlэ къиухащ.

1976 гъэм ар ирагъэблэгъащ Тырныауз Щэнхабзэмкlэ и унэм, абы щыlэ сабий къэфакlуэ гупым и гъэсакlуэу. Пшынауэр мащlэти, а и Іэщlагъэри щlэхщlэхыурэ къигъэсэбэпын хуей хъурт. Пшынэ еуэну хуейхэр абы щыхуагъасэ макъамэ студие къызэригъэпэщыну унафэщlым къыщыжриlэм, бзылъхугъэм ар хуэгъэщlэхъуакъым. Езым зэрыригъэджэнум и Іэмал къигупсысыжри, lуэхур иригъэжьащ 1977 гъэм. Илъэс 18-кlэ абы щылэжьауэ, 1994 гъэм Ислъэмей Іэпхъуащ, занщlэуи Щэнхабзэмкlэ унэм и художественнэ унафэщlу ирагъэблэгъащ. Іэсият абы къыщызэlуихащ сабийхэр щагъасэ гупжьейуэ блы, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я lуэрыlуатэ ансамбль (ар зи гукъэкlыр къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ Шэшэн Хьэсэнрэ Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Уэрдокъуэ Мухьэмэдрэт). Куэд дэмыкlыу а гупыр lуэрыlуатэ фестивалым и лауреат хъуауэ щытащ.

Илъэс 22-кlэ къуажэм щылэжьауэ, Іэсият пенсэм тlысыжащ. Арщхьэкlэ Бахъсэн къалэм Щэнхабзэмкlэ и унэм и унафэщl Зеущэ Іэуес иригъэблагъэри, абыи бзылъхугъэм къыщызригъэпэщащ пшынауэхэм я ансамбль. Бахъсэн районми пшынауэхэм я гуп япэу щызэхуэзышэсар Іэсиятщ. 2021 гъэм ХьэтІохъущыкъуей жылэм Щэнхабзэмкlэ и унэм яшауэ, иджыпстуи абы щылэщ. Езыми и гъэсэнхэми ехъулlэныгъэ яlэу Іэсият илъэс 49-рэ хъуауэ мэлажьэ, адыгэхэм къадэгъуэгурыкlуэ Іэщlагъэ дахэм, а зэманым къриубыдэу, куэд дригъэхьэхащ.

Бэчыр зэрыгушхуэ и гъэсэнхэм ящыщщ Шокъуий Мурат (иджыпсту уэрэд жеlэ), Тэтрокъуэ Рэмэзан, Уэзы Астемыр, Пыхъ Азэмэт, Іэпщэ Анзор (икlи уси етх), Молэ Беслъэн сымэ, нэгъуэщlхэри.

Бэч Іэсият унагъуэ дахэ иlэщ. И щхьэгъусэмрэ абырэ зэгурыlуэ зэдэlуэжу, зым и lуэхур адрейм фlэгъэщlэгъуэну, щlэгъэкъуэн нэс зэхуэхъухэу зэдопсэу. ЩlалитIрэ зы хъыджэбзрэ яlэщи, псори унагъуэщ, я къуэрылъхупхъурылъху цlыкlуитхум ягъэнасыпыфlэу апхуэдэщ. Егъэджакlуэмрэ гъэсакlуэмрэ я илъэсу къэралым щагъэувауэ щыта 2023 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ унагъуэ 40-м я нэхъыфlу къыхахри, Іэсият сымэ «Урысейм и дыщэ унагъуэ» цlэ лъапlэр къыфlащащ, Москва яшэри щагъэлъэпlащ.

Илъэс куэд щlауэ лъэпкъым и дахэм, и тхыдэм, и щэнхабзэм хуэлажьэ, адыгэм хуэфэщэн щlэблэ гъэсэным зи гъащlэ псор щхьэузыхь хуэзыщlа Іэсият ехъулlэныгъэрэ узыншагъэрэ иlэну, гукъыдэж щымыщlэу иджыри илъэс куэдкlэ лэжьэну ди гуапэщ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

## Минищым нэблагъэм

**Соцфондым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыlэм дызэрыт илъэсым зэрыщlидзэрэ адэ-анэ 2917-м сабий къазэрыхэхъуам щхьэкlэ зэуэ ират ахъшэ пособиеу псори зэхэту сом мелуан 76-м щlигъу яхуиутlыпщащ.**

ЗЭ тыгъуэ ахъшэ пособиер адэ-анэхэм хухах абыхэм я псэукlэми, хэхъуэу яlэм и куэдагъми емылъытауэ. Ар ират Іэнатlэ пэрытхэми лэжьапlэншэу щысхэми. Щыlэ хабзэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкlэ, ахъшэр иратынущ сабийм кlэлъыплъу бгъэдэсхэм, зеиншэхэр зэзышэлlэжахэм, абыхэм адэ-анэ яхуэхъуахэм. Пособием и куэдагъыр зэрыхъур сом 26941,71-рэщ икlи сабий къэс апхуэдиз ират.

Лэжьапlэ пэрыт адэ-анэхэм абы щхьэкlэ лъэlухэр Соцфондым щlамылъхьэми хъунущ, сыту жыпlэмэ, абыхэм къаlэрохьэ сабийхэм ятеухуауэ ЗАГС-м къахуигъэхь хъыбархэр. Пособиер зратынухэм япэ ирагъэщ хабзэр анэхэрщ.

Лэжьапlэншэу щысхэм лъэlухэр щlалъхьэ хъунущ МФЦ-м, Соцфондым е «Госуслуги» порталым къыщызэlуаха «кабинетхэм», ауэ сабийр дунейм къызэрытехьэрэ илъэс ныкъуэм щlимыгъу щlыкlэ. Лъэlухэм хэплъэнущ махуипщl пlалъэм къриубыдэу. Лэжьэгъуэ махуитхум къриубыдэуи ахъшэр я счетым ягъэкlуэнущ.

**ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.**

## Фыдогъэблагъэ!

***Урысей Федерацэм футболымкlэ и етlуанэ лигэ.***
***«Б» дивизионым и Япэ гуп.***
***Епщыкlутхуанэ джэгугъуэ***
***«Спартак-Налшык» - «Победа» (Хасавюрт)***
***Налшык. «Спартак» стадион.***
***Мэкъуауэгъуэм и 21.***
***Сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 30-м.***

## ТIалэмир псоми ятокlуэ

**Тренер цlэрыlуэ Къуэблэ Екъуб и цlэр зэрихьэу Мейкъуапэ къалэм дэт спорт уардэунэм щекlуэкlащ панкратионымкlэ 21-нэ зэхьэзэхуэ зэlуха. Ар Совет Союзым и Лlыхъужь Андырхъуей Хъусен и фэеплъуи щытащ.**



ЗЭПЕУАЩ Адыгейм, Башкортостаным, Донецк республикэм, Ингушым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Шэшэным, Краснодар, Ставрополь крайхэм я спортсмену 300-м нэблагъэ.

Ди республикэм и щlыхьыр иlэту зэхьэзэхуэм хэтащ Бахъсэн щlыналъэм хыхьэ Ислъэмей къуажэм щыщ Хьэщыкъуей ТIалэмир икlи, ди гуапэ зэрыхъущи, и хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупым (кг 58-рэ) япэ увыпlэр къыщихьащ.

Щlалэм и ныбжьыр илъэс 14 хъууэ аращ, атlэми мыр и япэ текlуэныгъэкъым. ТIалэмир зэфlэкlыфlхэр зэриlэр зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэм мызэ-мытlэу къыщигъэлъэгъуащ икlи лъагапlэхэми дэкlуеящ, медалхэр, кубокхэр кърата щ.

Хьэщыкъуейр зыгъасэр Щоджэн Артурщ.

**БЭТОКЪУЭ Мыхъутар.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ lуэхущlапlэм ПИ № ТУ07-00117-м щlэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокl. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщl-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.443
Заказыр №1323

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ цlэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщlанэ къатхэр.

Газетым lэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А